ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№215 (22.123) ● 2011 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 15, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Таиэ Э.Б. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыхь зиІэ и юрист» щІэ льапІэр фІощыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Илъэс куэд льандэрэ хьэпэлу зэрылажьэм икІи щыхуэхэм я хуитыныгъэхэмрэ законкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ кьыззэпэщыным кьаруушуэ зэрырихьэлІам папщІэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыхь зиІэ и юрист» щІэ льапІэр фІощыным **Таиэ Эдуард Буденэ и къуэм** - Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м
№153-УП

Къагъырмэс Б.Хь. «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щыхуб усакІуэ» щІэ льапІэр фІощыным и Іуэхукі

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей литературэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрым и льэпкъ щэнхабзэмрэ куэд зэрыхилэжьыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щІыхубэ усакІуэ» щІэ льапІэр фІощын **Къагъырмэс Борис Хьид и къуэм** - «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцІ» къэрал Іуэхущапіэм прозэмкІэ и къудамэм и редакторым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭАрсен

Налшык къалэ
2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 10-м
№176-УП

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

Быдэу зэпыщІауэ зэдолажьэ

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган ихъыщхьэм и Унафэщ Чеченов Ануар.

ЗЭІУЩІЭР кьызэІуихри, ар Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Аппаратым и Унафэщ Битокъу Владимир екъуэхъущ Абхаз Республикэм и наградэ нэхъыщхьэ - «ЩІыхь» ПщІэрэ» орденым и ещанэ нагъыщэр кьызэрыратамкІэ.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр егъэкІуэкІыным икІи ар 2011 гъэм щэкІуэгъуэм и 29-м зэхуэгъэсыну траухущ.

ЛэжьыгъэмкІэ, социальэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэныкІэ комитетым и унафэщІ **Жанатаев Сэлим** зэІущІэм кьыщыхилъхьам «ГъэупІэмкІэ ипотекэ кредитхэм я льэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щыхуэхэм къэралым и социальнэ дэІепыкъуныгъэ ётыным и Іуэхукі» законопроектыр. Абы зэрыжиІамкІэ, мы документым еубзыху КЪБР-м щыпсэуэхэм ящыщу ипотекэ кредитхэр къеІызыхъэм хиубыдэ щІыху гуп щхьэхуэхэм къэралыр зэрадэІепыкъуну щыкІэр. Жанатаев Сэлим кьыхигъэщхьэхуКІащ законопроектым ипкъ иткІэ щыхуэ къэзыщтэхэми абыхэм социальнэ дэІепыкъуныгъэ езытхэми кьалэн пыухыкІахэр кьаэрыбгъэдэхуэр. Мы законым къару игъуэтын хуейщ 2013 гъэм щІыпшлагъэм и І-м щегъэжьауэ.

Экономикэ политикэмкІэ, мылькумрэ хьэрычэт Іуэхумкі комитетым и унафэщІ **Марьян Ириной** Президиумым хэтхэр щыгъуаз ищІащ «КъэкІыгъэ щхъуантІэхэр» муниципальнэ Іуэхущапіэм и мылъку псори къэрал мылъку щІыным арэзы техьуэн папщІэ КЪБР-м и Правительствэм Парламентым зэрызыкьыхуигъэзам. Абы кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, мы Іуэхущапіэр къэралым и предприятэ щІыныр нэхъ тэмэму кьалъытэ икІи абы и кьызэгъэпэщащІуэу щытынущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэр.

Президиумым хэтхэр апхуэдэу хэпльащ УФ-м и субъект зыбжанэм я парламентархэм законхэр кьыдэгъэкІыным и льэныкъуэкІэ кьыхалъхьа жэрдэмхэм.

ИщхьэкІэ кьыщыгъэлъэгъуа Іуэху псоми зыхуэфащэ комитетэр елэжьжьа нэужь, республикэм и Парламентым и зэІущІэм кьыщыхалъхьэнущ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ **Чеченов Ануар** депутатхэм яхуиІуэжащ Кавказ ИщхьэрэПщхьэр Парламент Ассоциацэм Грознэ къалэм щригъэкІуэкІа етІуанэ конференцым кьрикІуэхэр. Урысей Ищэм и парламентархэр абы щыхэпльащ щІыналъэм и зыужьыныгъэм пыщІа и Іуэху нэхъыщхьэхэм. Спикерым езым и лжьэгъуэм - КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм - фІыщІэ яхуищІащ конференцыр гъэхъэзырынымрэ егъэкІуэкІынымрэ жьыдэкэру зэрыхэлъхьам папщІэ.

ЗэІущІэм и кІэуэным КъБР-м и Парламентым и депутат гуп пым щІыхь тхьапхьэмрэ фэепль саугъэтхэмрэ ирагъажьащ парламентаризмыр зэтегъэуцуэнымкІэ Шэпэн Республикэм зэрыдэІепыкъуам папщІэ. Къапщтэмэ, Законкэр кьыдэгъэкІынымрэ къэралуухэмкІэ комитетым и унафэщІ Іэпщэ Заур, Экологиемрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ комитетым и унафэщІ Несутулов Виктор, Бюджетымкі, налогхэмрэ финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ Ахъуэхъу Кьанщобий сымэ Шэпэн Республикэм и Парламентым и Щыхь тхьапхьэ кьыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымрэ Шэпэн Республикэм и Парламентымрэ я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным, абыхэм зегъэужьынымкІ куэд зэрыхащІыхьам папщІэ». КЪБР-м и Парламентым Лжьыгъэмкі, социальнэ политикэмрэ узынщагъэр хъумэныкІэ и комитетым и унафэщІ Жанатаев Сэлим, Промышленностымкі, гъуэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связькІэ комитетым и унафэщІ Мэремыкъуэ Сэфарбий сымэ Шэпэн Республикэм и Парламентым кьыбгъэдэкІ фэепль саугъэтхэр кьратащ.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар депутатхэр екъуэхъуащ абы «Шэпэн Республикэм парламентаризмым зыщегъэужьыныкІэ бгъэдэлъ фІыщІэм папщІэ» орденыр кьызэрыратамкІэ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущапіэ.

УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ Журовэ Светланэ къопсалъэ.

ЩІалэгъуалэр зэрыІыгъмэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и деж щыІэ Щалэгъуалэ парламентым и лэжьыгъэм. Налшык и «Синдикат» хъэщІэщым дыгъуасэ щыпищащ. Ди къэралым и депутат ныбжьыщІэхэр абы щыІущІащ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и къуэдзэ Журовэ Светланэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануар, республикэм и Правительствэм и УнафэщІ Гертер Иван сымэ, КъБР-м и Парламентым и депутатхэм, Правительствэм хэтхэм.

- ДИ ЗЭІУЩІЭР Налшык къыщыщІэдгъэпэщыну жэрдэмыр къыщыхалъхьэм, сэ къуэдрэ сымыгупсысу арэзы сыкъуащ. Ар Кавказым щедгъэкІуэкІыху, и мыхьэнэми, зэфІэтхыну кьыдэхъулІэ Іуэхухэм я бжыгъэми зыхэпщІэу хохьуэ,- жиІащ Журовэ Светланэ, кьыззэхуэсахэм я пащхьэм кьыщыпсалъэм. Абы кьыгъэльэгъуащ жылагъуэ, щалэгъуалэ организацэхэм я лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным хузэунэтІауэ Къэрал Думэр нобэкІэ зыхэпльэ законхэм я проектхэр зыхуэдэр.

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануаррэ республикэм и премьер-министр Гертер Иванрэ Налшык къеблэгъа щалэгъуалэм Къэбэрдей-Балькъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен кьыбгъэдэкІыу екъуэхъуахэщ.

Чеченов Ануар кьыхигъэщащ щалэгъуалэм заужьын папщІэ ди республикэм куэд зэрыщалэжьыр, хьэрычэтыщІэ Іуэхухэр зэхаублэнымкІэ абыхэм зэрадэІепыкъуэ, хамэ къэралхэм ягъакІуэурэ зэрыщрагъаджэр, зы зэман абыхэм кьызэрагъэззэжьынум шэч кьытрамыхьэу.

Гертер Иван хьэщІэхэр щыгъуаз ищІащ 2005 гъэм щыщІэдзауэ республикэм зэрызижьэ щыкІэм. Абы зэрыжиІамкІэ, мэкъумэщ хозяйствэм кьызэщІиубыдэ кьудамэ псоми зэуэ лэжьыгъэ ІэнатІэщІэхэр кьыщызэІуах, иджырей технологиещІэхэр кьэзыгъэсэбэп предприятэщІэхэр яуху уэрэ.

- Дэ щыр ди мащІэщ. Ваъэу гектар мин 300 хуэдиз диІэу аращи, дэтхэнэри дыщэ пэльытэщ. Жыг хадэу зы гектарым хэхъуэу кьет къэкІыгъэ щызэрахьэ гектар куэдым кьапэкІуэм хуэдиз. Араш иужьрей ильэсхэм хэкъуэзауэ абыи зыщІедгъэузыщІуах, иджырей технологиещІэхэр къэзыгъэсэбэп предприятэщІэхэр яуху уэрэ.

- Дэ щыр ди мащІэщ. Ваъэу гектар мин 300 хуэдиз диІэу аращи, дэтхэнэри дыщэ пэльытэщ. Жыг хадэу зы гектарым хэхъуэу кьет къэкІыгъэ щызэрахьэ гектар куэдым кьапэкІуэм хуэдиз. Араш иужьрей ильэсхэм хэкъуэзауэ абыи зыщІедгъэужьыр, - жиІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм деж щыІэ Щалэгъуалэ парламентым и лэжьыгъэм КъБР-м и Парламентым и Унэм шэджагъуэ нэужьым щыпищащ. Абы щекІуэкІа зэІущІэм хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщым и кьуэдзэ Журовэ Светланэрэ КЪБР-м и Парламентым и Тхьэмадэм и кьуэдзэ Саенкэ Татьянэрэ.

Саенкэ кьыхигъэщащ республикэм и гъащІэр, и псэукІэр зыхуэдэр щалэгъуалэм я нэкІэ зэральэгъур и гуапэ зэрыхьур.

- ХьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм егъэлееныгъэшхуэ хэльу фІэкІа Къэбэрдей-Балькъэрым кьратыкІ хьыбархэр кьагъэльагъуэркьым. Дэ мамыру, дахэу дызэрыпсэур фи нэкІэ фльэгъуауэ, вгьэззэжа нэужь фи щІыналъэм щыпсэуэм зэрахуэфІуэтэжьнум сыщогуфЫкІ, - жиІащ абы.

Ди республикэм и Щалэгъуалэ парламентым иужьрей ильэсхэм кьриубыдэу зэфІигъэкІа Іуэхугъуэхэм хьэщІэхэр щигъэпсэуащ абы и унафэщІ Шыпш Аслъэн.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэпльащ нэгъуэщІ щыналъэхэм кьыщыхалъхьа законхэм я проект зэмылІэужьыгъуэ зыбжанэми.

ГЪУЩІО Зарифэ.
Сурэтхэр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

ЗэІущІэр щекІуэкІым.

«Налшык» курортыр къэралым щыпашэхэм хабжэ

«Урысейм и экономикэм и пашэхэр» урысейпсо саугъэтыр тыныкмкІэ кьыззэпэщакІуэ комитетым и унафэкІэ «Налшык» курорт» ОАО-м «ІэнатІэм щыпашэ-2011» саугъэтыр «Санаторэ-курорт лэжьыгъэ» номинацэмкІэ кьратащ. Ар наІуэу щыхьэт тохъуэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьыныкмкІэ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен кьыхилъхьа программэр тэмэму гъэззэща зэрыхьум.

«УРЫСЕЙМ и экономикэм и пашэхэр» саугъэтыр Бизнесым зыщІэгъэкъуэныкмкІэ дунейпсо фондым иГъэуващ икІи ар къэралым и экономикэм нэхъ жьыдэру щылажьэ гупхэм, компаниехэм ират.

Дамыгъэр тыныр ильэс еянэ хъуауэ кьызэрагъэпэщ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэмрэ Федерацэмкі Советымрэ, УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм я дэІепыкъуныгъэкІэ.

ТАУ Иринэ.
«Налшык» курорт» ОАО-м
жылагъуэ зэпыщІэныгъэхэмкІэ и ІэщІагъэлІ.

Урысейм къагъэкІуэнукъым

УФ-м и санитар дохутыр нэхъыщхьэ Онищенкэ Геннадий кьиІуэваш Таджикистаным кьикІыу лэжьакІуэхэр Урысейм къэкІуэну дяпэкІэ хуит ямыщІыну.

Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ахэр ІофІей-лъэфІейхэм, сымаджэхэщ. Куэду яхэтщ жьэн уз эфЫкІхэр, уебмэ ВИЧ-инфекцэ зыпкърыгъэхэр. КьулыкъущІэм кьелъытэ я къэралым узынщагъэр хъумэным егъэщІылІа ІэнатІэр тэмэму щыгъэфІагъэувэхукІэ, абы и щІыуэпсыр щыпхъэжьэ муразкІэ Урысейм кьагъакІуэ мыхъуну.

Роспотребнадзорми щыжаІащ игъэбанэ Урысейм ирагъэкІыжа таджики 188-м ящыщу 40-м ВИЧ-инфекцэ уз щынагъуэр зэрапкърытар.

Берлускони токІ

Италием и президент Наполитанэ Джорджо къэралым и премьер-министру игъэуващ экономист щІэныгъэ Марио Монти, зэгуэр Евросоюзым и Антимонопольнэ комитетым и унафэщІу лэжьар.

ПІалъэ кІыхькІэ а кьулыкъур зыІыгъа Берлускони Сильвио и кьулыкъум текІащ езыр зи унафэщІ партым и Іэтащхьэхэр кризисым кьызэрыхэкІыну Іэмалхэр зыхуэдэхэмкІэ зэгурымыІуэж хъуа нужь.

Урысыбзэр къыхах

Президент хэхыныгъэхэм кьадэкІуэу Осетие Ипщэм щекІуэкІащ урысбзэр къэралыбзэу гуащІэным теухуа референдумыр.

Іэ зыІэтахэм я процент 84-р кьызэрыщІэ урысыбзэм и тельхьэу. Апхуэдэ щІыкІэкІэ хэхакІуэхэм кьагъэлъэгъуащ къэралитІым я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэным зэрительхьэр.

КъызыхэкІхэр яубзыху

«Сергей Абрамов» кхъухьым кьыщыхьуа мафІэсым и ужькІэ прокуратурэм щиІэтащ нсым тет хьэщІэщхэмрэ щхапІэхэмрэ я щынагъуэм щагъэр зыхуэдэр къэщытэн.

Хабзэхъуэмрэм кьалытэ кьэхъу изщІэбжьэхэр гудзакъэщащэм и Іэужьу.

■ Бельгие пащтыхьыгъуэм и лъэпкъ туфІагъуэщ (1866).

■ Илъэс 85-рэ и пэкІэ (1926) лэжьэн щІидзащ США-м и лъэпкъпсо радиотелевизионнэ корпорацэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщ «Нэшнл бродкатинг Компани» (Эн-би-си).

■ Илъэс 20 и пэкІэ (1991 гъэм щэкІуэгъуэм и 15 - 17-хэм) Суэдаль щекІуэкІащ Урысей археологие зэгуэхэныгъэм и апэ конференцыр.

■ ЩэкІуэгъуэм и 15 - 17-хэм Исламабад (Пакистан) щекІуэкІынущ лъэпкъ парламентхэм я щІыхубз спикерхэм я 7-нэ дунейпсо зэІущІэ.

■ Щэкіуэгъуэм и 15 - 17-хэм Москва щекІуэкІынущ Урысеймрэ Перумрэ сату-экономикэ, щІэныгъэ-техникэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ, бдзэжьей ещэныкмкІэ я комиссэ зэгуэтым и зэІущІэ.

■ Щэкіуэгъуэм и 15 - 17-хэм Москва щызэхэтынущ XV Урысей онкологие конгресс.

■ Москва щекІуэкІынущ «Урысейм и газ-2011» дунейпсо зэхуэсыр.

■ Щэкіуэгъуэм и 15 - 17-хэм Санкт-Петербург щыІэнущ «Петерфуд-2011» Дунейпсо ерыскьы выставкэр.

■ Илъэси 180-рэ и пэкІэ кьалъхуащ Сыбырымрэ Кавказымрэ джыным кьаруушхуэ езыхьэлІа Радде Густав (1831 - 1903).

■ Илъэси 120-рэ и пэкІэ кьалъхуащ американ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, дипломат, промышленник Гарриман Уильям Аверелл (1891 - 1986). Ар 1943 - 1946 гъэхэм США-м и лЫкІуэу СССР-м щыІащ, 1963 гъэм ядернэ Іэщэр хьэуам, хьэршым, псы щІагъым щагъэнэхуу ямыдэным теуху хуэдиз зэгурыІуэныгъэр зэращІыІэныкмкІэ зэпэсэлъэныгъэхэм США-м и делегацэм и унафэщІу хэтащ.

■ Илъэс 40 и пэкІэ Лащ совет щэхурылажьэ тІасхъэщІэх, СССР-м и КГБ-м и полковник Фишер Вильям . ЕтІуанэ дунейпсо зауэр ныха нужь ар США-м щылэжьащ. 1957 гъэм ягъэтІысри, илъэс 30-кІэ гугъу дыдэ ехьу тхьэхъэщым исыну тезыр кьыгъалъхьащ. 1962 гъэм мазаем и 10-м кьахъуэжащ 1960 гъэм накьыгъэм и І-м Уралым и щыгум кьыщрауды хьауэ щыта американ кхъухьлъатэзехуэ Пауэрс Фрэнсискі.

ПІалъэр зыгъэхьэзыр
ШАЛ Мухьэмэд.

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Зи бзэр быдэм насып иІэщ.

Щалэгъуалэр зэрыІыгъмэ

Ди еджакІуэхэр ягъэпажэ

Санкт-Петербург къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ къэралыбзэ щрихабзэ зэхьыхьэщхуэ. Абы щагъэлъэпІащ Ломоносов Михаил кьызэралъхурэ ильэс 300 зэрырикъум теуху урысейпсо зэпеуэм щытекІуэхэр.

УФ-м хьыхьэ щІыналъэхэм щыІэ курыт школхэм, колледжхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэс ныбжьыщІэ куэд кьызэщІиубыдащ зэпеуэм. Абы жьыдэру хэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ школакІуэхэри.

«Ломоносовым и гъащІэм теуху еджэныгъэхэр» унэтІыныгъэм щытекІуахэм халъытащ ди лъахэгъу ныбжьыщІэхэр. А унэтІыныгъэм и япэ увыпІэмрэ хуэфэщэн щІыхь тхьылъэ кьыхуагъэфэщащ Прохладнэ къалэм Пушкиным и цІэр зэрихьэу дзет курыт школ №8-м и еджакІуэ ПщыукІ Каринэ. Ещанэ увыпІэр кьызэрихьам щыхьэт техуэу щІыхь тхьылъ кьратащ а къалэ дыдэм дэт курыт школ №11-м щеджэ Панфилок Аринэ.

ХьэтІохьэущыкъуей кьуажэм дэт курыт школ №1-м и еджакІуэ Абазэ Дианэ «Зейкъуэ щыпсэу Щоджэнхэр» и лэжьыгъэр зэпеуэм и кьэпщытакІуэ гупым хуабжьу ягу ирихащ. Аринэ кьыхуагъэфэщащ Социальнэ и льэныкъуэкІэ ІуэхугъуэщІэхэр жылагъуэм дэІыгъыныкмкІэ дунейпсо фондым кьыбгъэдэкІ щІыхь тхьылъэр.

Къэралпсо утыкум щагъэлъэпІа ди лъахэгъуэхэм дохъуэхъу дяпэкІи екъулІэныгъэ куэд яІэну.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и лЫкІуэхэм я Іуэхущапіэ Санкт-Петербург щыІэм и пресс-кьулыкъущапіэ.

ЗэІущІэр щекІуэкІым.

● Хъыбар гуапэ

Аккаев Хьэжмурат Париж щытокІуэ

Атлетикэ хьэлъэмкІэ щІыхубзхэмрэ щІыхухьухэмрэ я дунейпсо чемпионат Франджым и къаращхьэ Париж щекІуэкІащ. Абы щыщэ медалыр кьыщихьащ ди лъахэгъу Аккаев Хьэжмурат.

КИЛОГРАММИ 105-рэ зи хьэлъэгъэхэм я зэпеуэм ар псоми щефІэкІащ икІи дунейпсо чемпион хъуащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ ди лъахэгъуэм мы гъэм Европэ зэхьэзэхуэм щыщихьа дыщэ медалым дуней щсом ейри дыщІитГъащ. ТІэу бгъэдыхьэгъуэм абы тхьапхьэмрэ 430-рэ (198+232) кьиІэтащ икІи и къэхуэрэгъу нэхъыщхьэ икІи Урысей Федерацэм и командэ кьыхэхэм дыжьын медалыр кьыщихьащ. ИльэсипІ дэкІа и ужькІэ ар дыщэм хущІэкъуащ, арщхьэкІэ Пекин щызэхэта Олимпиадэм абы кьыщылъысар жэз медалыр.

Иужьрей текІуэныгъэр Хьэжмурат и деж кІэ хуабжьу лъапІэщ. Абы щыгъуэми и пльапІэ нэхъыщхьэр етІанэгъэ Лондон щекІуэкІыну Олимпиадэрщ. Абы хуабжьу и нэ кьыхуокІ и Олимп дамыгъэхэм кьахуэгъ дыщэр иригъэкъужьну. Ар зригъэхъулІэн папщІэ мы гъэм лъэбагъэфІитІ ичащ, Европэм я дуней псомрэ я чемпион хъури. Кьэнэжар зымащІэщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Республикэм щыпсэухэм гу зылъатапхъэ

Іулъхьэ зэрызэІэпахым, коррупцэм пыщІа Іуэхухэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теуху хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Габачиевэ Светланэ Анатолий и пхъум, унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым, и къалэнхэр щхьащхьыным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ №11/1-5

«Урысей Федерацэм и щIыхьэм хэхьныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыну яIэ хуитыныгъэмрэ къызэрэпщIымкIэ щэсыпI»-м ия«а» пункт къыздэсым, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Iуэхукъ» 2003 гъэм мэкъуэгъуэм и 12-м къыдта Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29 статьям и пункт 6-м и «а» пункт къыздэсым, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Iуэхукъ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къыдта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 2 статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я Iуэхукъ» 2003 гъэм щIышылэм и 8-м къыдта Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Закон №1-РЗ-м и 4 статьям и Iыхьэ 2-м и «а» пунктым япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Езым кьэтха лъэныкъо ипкъ иткIэ унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр и полномочиехэр имыух щыкIэ щхьащхьым:

Габачиевэ Светланэ Анатолий и пхъум, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыIэм кыбгъэдэкIыу хагъэхьам.

2. Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм абы и пIэкIэ хагъэхьэнымэ теухуауэ къыхалъхьэхэр къызэрыIахыр хэIущIыIу щIын.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кыбгъэдэкI хэыбарыр къыщIэн (унафэм щыIуагъэ).

4. Мы Унафэр щIыхьэ хэыбарегъащIэ Iуэхущ1ащIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиI сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

---

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Унафэ №11/1-5-мкIэ къыщытащ

Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хагъэхьэным теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIахьымкIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм кьит хьыбар

Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм хэтым и полномочиехэр нэхъ пасэу зэрыщIэхъуащхьэм кьыхэжIыу, «Урысей Федерацэм и щIыхьэм хэхьныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэмрэ референдумым хэтыныкIэ яIэ хуитыныгъэмрэ къызэрэпщIымкIэ щэсыпI»-м нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 26 статьям и пункт 6-м тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хьыбар къет унафэ щыIэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щIэу хагъэхьэным и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIихымкIэ.

Документэр мы хьыбарыр кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуи 5-кIэ кьыщыIах мы хэщIапIэм: КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ 27, пэщ 151. Телефонхэр: 47-64-42, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэ

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым кьыбгъэдэкIыу унафэ кьыщыгъэкIэ къыщIэн кьыхилхьыну хуиту Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хэтым и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ №11/2-5

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым кьыбгъэдэкIыу унафэ кьыщыгъэкIэ къыщIэн кьыхилхьэну хуиту Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым кьыбгъэдэкIыу хэт Савельев Игорь Анатолий и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьащхьым и Iуэхукъ:

Игорь Анатолий и къуэм и полномочиехэр нэхъ пасэу щхьащхьым икIи унафэ кьыщыгъэкIэ къыщIэн кьыхилхьэну хуиту «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партым кьыбгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хэтыныгъэхэмкIэ я хуитыныгъэмрэ къызэрэпщIымкIэ щэсыпI»-м нэхъыщхьэхэм я Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 26 статьям и пункт 6-м тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм хьыбар къет унафэ щыIэхэм ящыщу Iуащхьмахуэ щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм щIэу хагъэхьэным и кандидатурэм теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыIихымкIэ.

Документэр мы хьыбарыр кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуи 5-кIэ кьыщыIах мы хэщIапIэм: КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ 27, пэщ 151. Телефонхэр: 47-64-42, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхахкIэ Iэ зэрэIэтыну бюллетенхэр кьыщыIахьыжну щIыпIэмрэ зэманымрэ и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ №11/6-5

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьным и Iуэхукъ» 2005 гъэм накьыгъэм и 18-м къыдта Федеральнэ закон №51-ФЗ-м и 73 статьям и Iыхьэ 10-м и 26 статьям, «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхахкIэ Iэ зэрэIэтыну бюллетенхэр гъэхъэзырыныкIэ гъэщынымрэ пыщIа Iуэхуэсым теухуауэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 10-м кьыдта унафэ №24/243-6-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхахкIэ Iэ зэрэIэтыну бюллетенхэр гъэхъэзырыным, гуэщыным, ахэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуэгъэзэнымкIэ Лъжакъуэ Iуэтым (адэкIи - Лъжакъуэ гупщ) хуэгъэувын Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр щыхахкIэ Iэ зэрэIэтыну бюллетенхэр Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 хэщIапIэм щыIэ «Тетраграф» ООО-м и унэм 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м сыхьэти 10.00-м кьыщыIихыжыну, лейхэр (апхуэдэхэр щыIэу щытмэ) игъэкIуэдыну.

2. Мы Унафэр Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэм я федеральнэ спискэхэр езыгъэгъа политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэмрэ «Тетраграф» ООО-мрэ яхуеГъэхьэн.

3. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1ащIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиI сайтым илъхьэн.

4. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэм илъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь Атмурзаевэ И.А.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

---

ХэхьнIэ участкхэру зи хьыбарегъащIэ стендхэм зи izм имыльагъу хэхакIуэхэм кьагъэсэбэныи папщIэ игъэхъэзыра материалхэр иралъхьэнуэр убыхуным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ №11/3-5

«Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъуэ ГуащIэдэкI Бэракъ Плышь орден зезыхьэ» Урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ организацэм и чэнджэщхэр кьыпытауэ, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьным и Iуэхукъ»-м Федеральнэ законым и 72 статьям и Iыхьэ 9-м и 26 статьям тету, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Зи izм имыльагъу щIыхьэм информацэ яIэрыгъэхьэн мурадкIэ, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьныкIэ кьызэрагъэпэща хэхьпIэ участкэхэм ящыщу зи хьыбарегъащIэ стендхэм хьэрф инхэмкIэ кьащIыта е Брайль и шрифтхэмкIэ традза материалхэр иралъхьэну хэхьпIэ участкэхэр (гуэдзным итщ) убыхуэн.

2. Мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа хьыбарегъащIэ материалхэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм стендхэм зи izм имыльагъу щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я щIыналъэ кьызэрэпщIымкIэ щIын.

3. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я унафэщIхэм яхуэгъэувын мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа хьыбарегъащIэ материалхэр участкэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуеГъэхьэнымрэ кьызэрагъэпэщыну.

4. Участкэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуэгъэувын зи izм имыльагъуэхэм хуиту щыгъуаэз защIыфын хуэдэу мы Унафэм и пункт 1-м кьыщыгъэлъэгъуа хьыбарегъащIэ материалхэр зэрыльэ хьыбарегъащIэ стендхэр Iэ щаIэтыну пэщхэм е абыхэм я щIыхьэпIэхэм деж щагъэувыну.

5. Мы Унафэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм яхуеГъэхьэн.

6. Мы Унафэр щIыхьэ хьыбарегъащIэ Iуэхущ1ащIэхэм къытрегъэдзэн икIи Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм Интернетым щиI сайтым илъхьэн.

7. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэм илъхьэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1ым и къудзэ Евтушенкэ С.В.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэщ1 ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь АТМУРЗАЕВЭ Иринэ

---

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м къыдигъэкIа Унафэ №11Й3-5-м и гуэдзэн

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хахьын папщIэ кьызэрагъэпэща хэхьпIэ участкэхэм ящыщу зи хьыбарегъащIэ стендхэу Iэ щаIэтыну пэщхэм щыIэнухэм зи izм имыльагъу щIыхьэр кьызэджэн материалхэр иралъхьэхэр

№№	ЩIыналъэ хэхакIуэ комиссэм зэредзэр	Псори зэхэту хэхьпIэ участкэхэм я бжыгъэр	Хэхьпи участкэхэм я номерхэр
1	Бахьсэн муниципальнэ район	5	№13, №14, №15, №23, №24
2	Бахьсэн къалэ округ	6	№27, №29, №33, №37, №41, №42
3	Дзэлыкъуэ муниципальнэ район	20	№44, №45, №46, №48, №49, №51, №52, №53, №54, №55, №56, №57, №58, №60, №61, №63, №64, №65, №66, №67
4	Лэскэн муниципальнэ район	1	№74
5	Май муниципальнэ район	13	№79, №80, №82, №84, №85, №86, №88, №89, №90, №91, №93, №94, №96
6	Налшык къалэ округ	3	№135, №160, №161
7	Прохладнэ муниципальнэ район	10	№208, №211, №216, №217, №224, №225, №226, №227, №229, №230
8	Прохладнэ къалэ округ	17	№233, №234, №235, №236, №237, №238, №239, №240, №241, №242, №243, №244, №245, №246, №247, №248, №252
9	Тэрч муниципальнэ район	11	№254, №255, №256, №257, №258, №260, №261, №262, №270, №274, №275
10	Аруан муниципальнэ районыи	12	№282, №284, №285, №291, №292, №293, №294, №295, №296, №297, №298, №299
11	Щэдзкъ муниципальнэ район	2	№307, №309
12	Щэрэдж муниципальнэ район	3	№320, №321, №334
13	Iуащхьмахуэ муниципальнэ район	5	№339, №342, №348, №351, №355
	Псори:	108	

Зи izм имыльагъу хэхакIуэхэм бюллетенхэр езыхэм ятхьыжьын папщIэ кьагъэсэбэныну трафарет хэхахэр зыхуагъэхьэзыр хэхьпIэ участкэхэр убыхуным и Iуэхукъ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 11-м Налшык къалэ №11/4-5

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхьным и Iуэхукъ» Федеральнэ законым и 73 статьям и Iыхьэ 2-м и 26 статьям иIыхь иткIэ икIи «Нэфхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэу ГуащIэдэкI Бэракъ Плышь орденыр зиI» ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ организацэм и чэнджэщхэр кьыпытауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еханэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутатхэр хэхьныкIэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щIыналъэм кьыщыгъэгъа зэрэIэтыну бюллетенхэр зи izм имыльагъуэхэм я щIыналъэ хэхакIуэ комиссэхэм я щIыналъэ кьыщыгъэгъа хэхьпIэ участкэхэу зи izм имыльагъуэхэм Iэ зэрэIэтыну папщIэ кьагъэсэбэныну трафарет хэхахэр зыхуагъэхьэзырыр

№№	Муниципальнэ районым, къалэ округым зэредзэр	Трафаретхэм я бжыгъэр	Хэхьпи участкэхэм я номерхэр
1	Бахьсэн муниципальнэ район	21	№2, №3, №4, №6, №7, №9, №10, №12, №13, №14, №15, №16, №17, №18, №19, №21, №22, №23, №24, №25, №26
2	Бахьсэн къалэ округ	6	№27, №29, №33, №37, №41, №42
3	Дзэлыкъуэ муниципальнэ район	25	№43, №44, №45, №46, №47, №48, №49, №50, №51, №52, №53, №54, №55, №56, №57, №58, №59, №60, №61, №62, №63, №64, №65, №66, №67
4	Лэскэн муниципальнэ район	6	№69, №70, №74, №75, №76, №77
5	Май муниципальнэ район	19	№79, №80, №81, №82, №83, №84, №85, №86, №87, №88, №89, №90, №91, №92, №93, №94, №95, №96, №97
6	Налшык къалэ округ	49	№111, №116, №119, №125, №129, №131, №133, №134, №135, №136, №138, №145, №152, №153, №154, №156, №157, №159, №160, №161, №163, №164, №165, №166, №167, №168, №170, №171, №172, №173, №174, №177, №179, №180, №181, №182, №183, №184, №185, №188, №189, №190, №193, №194, №195, №196, №197, №198, №199 №201, №202, №203, №204, №207, №208, №209, №211, №212, №216, №217, №218, №221,
7	Прохладнэ муниципальнэ район	23	№222, №223, №224, №225, №226, №227, №228, №229, №230, №231 №233, №234, №235, 236, №237, №238, №239, №240, №241, №242, №243, №244, №245,
8	Прохладнэ къалэ округ	20	№246, №247, №248, №249, №250, №251, №252 №254, №255, №256, №257, №258, №260, №261, №262, №270, №274, №275
9	Тэрч муниципальнэ район	11	№282, №284, №285, №291, №292, №293, №294, №295, №296, №297, №298, №299
10	Аруан муниципальнэ район	12	№303, №304, №305, №307, №309, №311, №313, №314
11	Щэдзкъ муниципальнэ район	8	№318, №319, №320, №321, №322, №323, №331, №332, №333, №334
12	Щэрэдж муниципальнэ район	10	№339, №342, №348, №351, №355
13	Iуащхьмахуэ муниципальнэ район	5	
	Псори:	215	

«Захуагъэ здэщыIэ Урысейр» №1-м щIэтщ

Дыгъэгъаэзм и 4-м хахынщ къэралым законхэр кьыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм - УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм - и депутатхэр. А махуэм хэхакIуэхэм ящыщу дэтхэнэми Iэ зэрилъэтым мыхьэнэ пыуыкIа иIэнщ илъэситху благъэм зэрыщIэсыжьыну.

Мы Iуэхум езыр зэрэплъыр кьытхуиIуэтащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ехэнэ зэхуэгъэсыгъуэм и депутат хахын папщIэ «Захуагъэ здэщыIэ Урысейм» кьыбгъэдэкIыу кьагъэльэгъуа, партым и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ къудамэм и советым и бюром и секретарь Дадэ МуIэзд.

- «Захуагъэ здэщыIэ Урысейр» зэхьныгъэм сыт хуэдэу ирихьэлIэрэ, абы кьыхилхьых Iуэхуэхэр сыт нэхъ зытеухуар?

- Дэ дгъэхьэзыра Iуэху псори партым хэхьныгъэмкIэ и программэм итщ икIи абыхэм дэтхэнэ зы щIыхьми щыIуагъэ зищI хъунущ. Нобэ ди къэралым кьыпэщытщ псэуныгъэм и лъэныкъэхкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэ ичыну. ХэхакIуэхэм елыытащ ар зыми Iэщ1эмыльэ, щIэгъэхуэбжьауэ зызыужь кьэралхъунуми, адэрей къэрал пэрытхэр сырыекIэ кьызэзыгъэпщ гуэдзэну щытынуми. Дуней псом зыщцызыубгъуа кризисым нэрылъагъу кьищIащ Урысейм илъэс тIощI ялэкIэ капитализмым и гъэгур кьызэрыихьар зэрыщIагъуагъэр. Аращ социалистическэ зыужьыкIыжьэм экономикэм и зехьэкIэмрэ щIыхуэхэр кIуэтэху нэхъыбэрэ хуеплъэкIыжу щIыхуежьар, сыту жыпIэмэ абы Iэмал нэхъ зэпIэзэрытхэр хьет, захуагъэми нэхъ тещIыхьащ. Социализмыр зытет лъабжьэм экономикэм кьыщIиху гугъуехьэхэр кьызэнэкIыныкIэ Iэмал нэхъыбэрэ хуеплъэкIыжу щIыхуежьар, сыту жыпIэмэ абы Iэмал нэхъ зэпIэзэрытхэр хьет, захуагъэми нэхъ тещIыхьащ. Социализмыр зытет лъабжьэм экономикэм кьыщIиху гугъуехьэхэр кьызэнэкIыныкIэ Iэмал нэхъыбэрэ хуеплъэкIыжу щIыхуежьар, сыту жыпIэмэ абы Iэмал нэхъ зэпIэзэрытхэр хьет, захуагъэми нэхъ тещIыхьащ. Бюджет Iэнатlэм хиубыдэжэ я лэжьапщIэр къэрал кьулыкъущIэхэм ейм нэхърэ нэхъ мащIэу щIыщытын щIыхьэным. КIэщIу жыпIэмэ, уэзрымыпсоуфынчIэу упахэр къэралым щатын хуейкъым.

ЕтIуанэрауэ, къэралым дигъэкIын хуейщ социальнэ псэуплъэкIэ кьызэрагъэпэщынымкIэ щIыхуэхэм яIэ хуиныгъэр. Абы папщIэ зэманкIыхьым тещIыхьауэ икIи проценткIэ ахъшэ щIхьащымытыкIыу къэрал кредитхэр псэуплъэ езыгъэщIэжм хухахыпIхэщ. Псом хуэмыдэу абы мыхьэнэшхуэ иIэщ унэгъащIэхэм я дежкIэ. Дэ кьыдогъуэв апхуэдэ унагъуэхэм сабий кьаехъуэхуэку кьэралым кьыIаха щIыхуэм хуиIэрагъэхуну. Къэралым и кьалэнщ электрокъарум, газым, ГъущI Гъугурмрэ авиацэмрэ я Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм кIэригъэхуну, коммуналнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ щIыхур псэуныр нэхъыбэу зэлъытэ ерысекIыупхъэ нэхъыщхьэхэмрэ я уасэхэм ткIийуэ кIэлъыплъынущ. Апхуэдэу дэ кьыдолытэ сабий куэд зиIэ адэ-анэхэм я гугъуехьэм хуэфащэ пщIэ хуэщIыпхъэу, сабий ахъшэхэр щIыхубзхэм лэжьапIэм кьащIыхьрыхьэну улахуэм нэгъэсын хуейуэ. Урысейм и дэтхэнэ зы сабийри яслъэм, сабдым екIуэлIэн папщIэ Iэмал ягъэхуэн къызэгъэпэщыпхъэщ.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым и программэм увыпIэшхуэ щеубыд пенсэмкIэ законодательствэм хэплъэжьыным. Иджьыпсту ятI пенсэр, ипэжьыпIэкIэ кьащытэмэ, жьы хъухэм мылIэлуу яхурикъуу аращ, пенсионерхэм я зэхуэдитым ахъшэу иратыр щIыхур псэун папщIэ нэхъ мащIэ дыдэу зыхуейм нэсыркъым. Псом ящIэу дэ кьыдогъуэв кьулыкъущIэхэр пенсэхэмкIэ кьызэрэгъэпэщыпхъэ хабзэ хэхар якъутэжьну. Пенсэхэр кьызэрабж щIыкIэр псом я дежкIи зэхуэдэу щытпхъэщ икIи а пенсэхэр щIыхур псэун папщIэ зыхуейм тещIыхьа мардэм езэгъыу щытын хуейщ. Дэ кьыдогъэув пенсэхэр щIыхуэм ику ягъэкIэжьу щыта улахуэм и процент 60 нэхърэ мынэхъ мащIэу иратыну.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысейм» апхуэдэу кьелъытэ хэхъуэхэм тралъхьэ налогыр зэдащIэжкIыу псом я дежкIи процент 13-м зэрытрагъэувам захуагъэ хэмылъу. Кьулейхэр зыхэджэгухь мылъку егъэлеями налог телъхьэпхъэщ. Кхъухь, кхъухьлъатэ, автомобиль дзгъуэхэм, унэ ехьжьахэм я уасэм и процентки 5-р гъэ къэс налогыу кьеIыхьпхъэщ.

Абы кьулейхэмрэ кьулейсызхэмрэ я зэщхьэщыкIынымгъэр игъэмэщIэ-нущ, къэралым иригъэкIуэкI социальнэ политикэр дзгъэкIынымкIэахъшэ пыухькIаи кьыпэкIуэнущ.

Щ1ыхуэхэ я псэуэкIэр егъэфIэкIуэным теладжь кьулейсызхэм я зэхуэдэу жэуапльыныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ лъэпкъым и узынщагъэр зегъэфэкIуэныр. «Захуагъэ здэщыIэ Урысейм» къегъэув медицинэм и Iэхуэхьэзэхэр пщIэнщэу икIи фIагъ нэс яIэу кьызэрагъэпэщыну, технологие лъагэхэм ятещIыхьа медицинэ IэхуэхьэзэхэмкIэ квотэхэр игъэкIуэдыжыну. Дэ ткIийуэ кьыдогъэув кьэрал, муниципальнэ медицинэ Iэхуэщ1апIэхэм я Iэхуэхьэзэхэм пщIэ щыщIат къэгъэхъун хуэмейуэ. ФIэкIыпIэ зимыIэ кьэрал медицинэ страховании и системэм икIэщIыпIэкIэ хэгъэкIын хуейщ мыпхъкущхуэ зыгъэкIуэщI уней страховой компаниехэр. ФIагъ зиIэ медицинэ Iэхуэхьэзэхэр кьэралым ис дэтхэнэ зы щIыхуми, абы и хэхъуэр зыхуэдизым, иныгъ социальнэ увыпIэм, щыпсэу щIыпIэм емыльытауэ, игъуэтын хуейщ.

Апхуэдэу дэ кьыдогъэув Зыуэ щIыт кьэрал экзаменхэм кьарикIуахэм тету вуэхэм зэрыщIагъэтIысхьэрэ ягъэ-кIуэдыжыну, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ, абы педагог ныбжьыщIэхэр социальнэ псэуплъэкIэ кьызэгъэпэщыныкIэ программэр кьэщтэнри хэту, кьэралым тригъэкIуэдэр кьэралым кIуэцI валовэ продуктым и процент 7-м нагъэсыну. Дэтхэнэ зы щIыхуми щэсыпIэхэр кьыхуэзэгъэпэщыпхъэщ си школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щагъаеэ Iуэхущ1апIэр, курыт еджапIэр, еджапIэ нэхъыщхьэр пщIэнщэу кьулыкъущIэхэр.

Урысейм и лъэпкъ шыналъуэнщагъэм иджьпсту зэран нэхъыщхьэ кьеэзытыр коррупцэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ иджьпсту щIыхь законыр а щIэпIэхьаджагъэ иным зэрызыгубгъуам, мы Iуэхум пыщIа щынагъуэми кьеэзгъэрыкIын. «Захуагъэ здэщыIэ Урысейм» кьегъэув дэнэ щIыпIи пыуыкIауэ щагъэзэщIэн хуей, Iупхъэ къеIыхьныр кьэралым епщыжьынымкIэ пэзыпIыт законыщIэ кьащIтну. Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зыIэжьхэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я мылъкур къэтхьэкъупхъэщ, апхуэдэу властым и органхэмрэ кьулыкъущIэ пыухьикIахэмрэ егъэшынжьынхуейщ я Iуэху зехьэкIэм кьитха хэщIыныгъ-гъэр.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» партым нэгъэсауэ зыхещIэ нобэрей ди щIыхуэм, кьэкIуэ-ну щIэблэхэм я пащхьэ щихь жэуапльым и инагъыр. Дэ урысей жылагъуэр зэкъуэзыгъэувэн, щIыхуэм я гукъыдэжьыр кьэзыIэтыжьын, фIыгъуэм, захуагъэм телажьэ жылагъуэ Урысейм щIэзэтеГъэувэнымкIэ сабэ хъун программэ пыухькIа зэхэтIыхьащ.

«Захуагъэ здэщыIэ Урысейр» Iэ зэрэIэтыну бюллетеным №1-м щIэту итынущ. Фэ щIыхьэ и фIыгъуэм телажьэ кьэралым щыIэну фыхуейм, кьэкIуэну зэманым фигурэ фи щхьэрэ зэтелъу фыхуэхьэIуэнумэ, «Захуагъэ здэщыIэ Урысейм» папщIэ Iэ фIэт.

• Ди сурэт тIэтIыльыгъэхэр

Къэбэрдей-Балькъэрым и бзылъхугъэхэм ящыщу ягъэ «Социалист Лъжьыгъэм и Лыхъужь» цIэ лъапIэр зыфIащар Куба кьуаежьм щыщ жэмыш Iэзэ Пащты Салимэщ. Мы сурэтым ар щывольагъу и кьуэрылъу -пхъурылъхуэм ябгъэ дэсу.

Сурэтыр **КОЛЕСНИКОВ Иван** *трихащ. 1961 гъэ.*

**«Адыгэ дунейр» щІэрыщІэу ухуэжьныр зигу къэкІыу езыгъэжьа щІыху дыщэхэр лъэпкъым ди щІихь пЫэлъэтэхэщ, абыхэм къехъулІам дэри пытщэфмэ псоми ди насыпщ. Сэ зи гугъу сщІыр Щагъуэ Нурий дежь къыщегъэжьауэ Къалмыкъ Юрэ и дежь щІиухыжу адыгэ лъэпкъым хуэзыжьа щІыхьэхэр. Сэ сыкъуэгурыкІуэ, зыгъэфІэкІам, дагъэльэгъуэ щапхъэм адыгэхэр дызэпишІэжу ОЗэрэ, гупсысэрэ, щэнхабзэкІэ дызэгурыІуэу, дызэдэлажьэу драгъэжьэжьну. Мы гупсысэм зедгъэуэзэщІын щхьэкІэ, дин Іуэхуэр ныкъэгъэбелджылыкІыпхъэщ. ЩІыхум Іиман яІэу, нэмэз ящІу, ныбгъэщІ, зыхуэзгъэкІам хьэж ищІу щы-

Тхьдэм зэман щІыб иІэкъым

СЭ КУЭДРЭ сарохьэлІэ «мы Гъэзэг мыгъэм дытезышар демократиерщ» - жызыІэхэм, ауэ, хэт сыт иІуатэми, цІыхубз тепщэр («народовластиер») уЗэныхуарэ захуэу, хабзэм емыбакъуэу лажьэмэ, ар сыт и лъэныкъуэкІи гуащІэрыпсэум я телъхьэу щытынущ. Демократием емыкІу, мыкъумыгъэгъэ зыщІэзыІэмэ, ар къэрал ухуэкІам и ягъэкъым, къулыкъущІэхэм я закъуэ зэранкъым, абы жылагъуэм ди къуаншагъи хэлъщ. Дигу къэдвгъэгъэзекІыжьат совет зэманыр. Ди шевинкхэр «цІыхубэ», «лэжьакІуэбэ», «гуащІэрпсэу», «къэрхьэлъкъ» жаІэурэ я псалъэшхуэхэм ириджэгуурэ, кІуалыкъущІэхэр ди пщэм кІыдгъэтІысхьэри Іуэмілаф!э драгъэщІащ, зыхуейм-кІэ даІуэнтІэфу; дэри милицэр, КГБ-р, тутнакъэщІыр, лагерхэр кІыхтхуэкъуэгэпІъуфэ кІэрабгъэ щащІри, дапэмыпсэлъэкыфу дыкъэзыІэтащ. Сэ я кІэомкІ къыщІезгъэзекІуэкІыр совет лъэхъэнэм хущІэджэныр мыбдеж щысфІэигуэу аракъым, атІэ тепщэм, кІуалыкъущІэм щІышынэныр, зыхуэзгъэщІыкІныр хьэлу кІыхьэрытхуинар кІыхьэзгъэбелджылыкІыну аращ. А зызыгъэльагъу, зызыгъэщІэжащэхэр хэзыхари дэращ, кІуалыкъум тезыгъэувари дэращ, итІани, ар зэхащІыкІыу жылагъуэм къафІэлыкІыбэм ипІэкІэ, загъэтепщэ, дигъуасэрей партократхэм зэрагъэщхьу.

ПщІы сІэщІэкІмэ, си пщІыр къыщІэвгъэщ. Фщыгъупщэжа илъэс зыбжанэ я пэкІэ мэжджытым нэмэзыщІ кІуа ди щІалэхэм «ваххабат» къыфІащу милицэм къыщрагъащІыуэ щытар? Фи гу лъэІу мытэу пІэрэ адыгэбзэм и пщІэр аджанІэхэм зэрыщІэхуэхьым? Фымылъагъуу ара адыгэбзэ тхьилъу хэкужьмкІ къыщыдэкІым кІуэ пэтми зэрыщІащІыр, тхьаблэм я гонорарым зэрыкІэрыхур? КъыффІыІэуэхуу фегупсысрэ къулыкъущІэхэм егъэлеиуэ улахуэщхуэ хуагъэтІылъурэ телевиденэмэ, радиомэ, газетхэми гонорар ямытыж зэрращам? Сэ икъукІэ сегъэгуэзавэ а Іуэхум: зи тхьигъэм - ар лэжьыгъэ гуГуэщ езыр! - уасэ щІамытыж адыгэ, балъкъэр корреспондентхэм, тхакІуэхэм, Іэщ1агъэпхэм тхэн щагъэтэкІыжьынэкІэ хъункъэ? Апхуэдэу хьумэ, газетхэмрэ телевиденэмрэ урысыбзэм хуэкІуэну хьэмэрэ зэхуащІыжьапэну? Ерагъкіэ къэдгъэщІыу къэтІэта лъэпкъ щэнхабзэр хьэрэкъуакІэ дыхьэжьнукъэ? Мы Іуэху гужьеиГуэм и хьилэр армыраУэ пІэро?

Хьэмэрэ уи жьпыр къуарэ уи ныби измэ, щэнхабзэрэ Гъуазджэрэ ухуэмеижу ара? Дауэ абы фызэрепльыр, си къуэш, си шыпхъу адыгэхэ?

Ильэс мин бжыгъэкІэ адыгэм ди щІыналъэрэ ди лъэпкъыгъэр напэм пэтщІу дохъуэмэр, къаруушхуэ зиІэ къэралхэмрэ лъэпкъхэмрэ, ди псэфыпІэр яІыгъами, зедмыГэтхъэлаУэ, ди бзэ лъэщри, ди хабзэ, дин, нарт эпос щэджащэри, дунейм щагъэщІагъуэ ди къафэ гуакІуэхэри зэІэщІэдмыГэкІэуэ. Ди ди хэкум дыкъыщыжрэ дапэщІэтащ алыджэхэми, франджыхэми, гуннхэми (Аттилэ - V лІ.), авархэми (Байанхан-хъан - VI лІ.), хъэзархэми (VIII лІ.), Китай-хьанми (XIII лІ.), дагъыстанхэми (хъан-умщий), Тимури (XIV лІ.), астрахьанхэми (XV лІ.), кІырымхэми (XVI - XVII лІ.), нэгъуейхэми (XIV -XVI лІ.), кІалмыкъхэми (XVII лІ.), кІырымыфэ тыркумрэ я дзэ курыхьхэми (Къэнжал зауэр), Урысейми. Ауэ нобэ, зыгтхъэжьмэ щхьэкІэ, дызыхуейр Іэщ1ажьым - акъылщ, щІэныгъэщ, лъэпкъым худи1э льагъэныгъэщ (урысым патриотизм жыхуаІэр). Ди сыт щхьэкІэ запытщІыжьын хуей Америкэмэ, Европэмэ, Урысейми, Тыркуми, Хьэрыпми? Жэмым идэнкъым шы зищІыну, шыми фІэфІынкъым ацІэн хъуэу, ацІэнми идэнкъым бгъэ щІыІу пІэмэ? Фи гу лъэІу мытэу пІэрэ адыгэбзэм и пщІэр аджанІэхэм зэрыщІэхуэхьым? Фымылъагъуу ара адыгэбзэ тхьилъу хэкужьмкІ къыщыдэкІым кІуэ пэтми зэрыщІащІыр, тхьаблэм я гонорарым зэрыкІэрыхур? КъыффІыІэуэхуу фегупсысрэ къулыкъущІэхэм егъэлеиуэ улахуэщхуэ хуагъэтІылъурэ телевиденэмэ, радиомэ, газетхэми гонорар ямытыж зэращам? Сэ икъукІэ сегъэгуэзавэ а Іуэхум: зи тхьигъэм - ар лэжьыгъэ гуГуэщ езыр! - уасэ щІамытыж адыгэ, балъкъэр корреспондентхэм, тхакІуэхэм, Іэщ1агъэпхэм тхэн щагъэтэкІыжьынэкІэ хъункъэ? Апхуэдэу хьумэ, газетхэмрэ телевиденэмрэ урысыбзэм хуэкІуэну хьэмэрэ зэхуащІыжьапэну? ЕрагъкІэ къэдгъэщІыу къэтІэта лъэпкъ щэнхабзэр хьэрэкъуакІэ дыхьэжьнукъэ? Мы Іуэху гужьеиГуэм и хьилэр армыраУэ пІэро?

Хьэмэрэ уи жьпыр къуарэ уи ныби измэ, щэнхабзэрэ Гъуазджэрэ ухуэмеижу ара? Дауэ абы фызэрепльыр, си къуэш, си шыпхъу адыгэхэ?

ЩІэныгъэлІым и псалъэ

Тхьдэм зэман щІыб иІэкъым

Ильэс мин бжыгъэкІэ адыгэм ди щІыналъэрэ ди лъэпкъыгъэр напэм пэтщІу дохъуэмэр, къаруушхуэ зиІэ къэралхэмрэ лъэпкъхэмрэ, ди псэфыпІэр яІыгъами, зедмыГэтхъэлаУэ, ди бзэ лъэщри, ди хабзэ, дин, нарт эпос щэджащэри, дунейм щагъэщІагъуэ ди къафэ гуакІуэхэри зэІэщІэдмыГэкІэуэ. Диджы коммунистхэр Іуагъэкіуэту тепщэгъуэр демократхэм зэрыІэщІалъхьэрэ Урысейм дэтхэнэ динри хуит щыхьуащ, езы Москвэи Петербурги мэджжыт щолажьэхэр, зыри зэран къахуэмыхьуу.

Ди адыгэ тхыдэм сыщегупсыскІэ грогушхуэ, спопагэ адэжьхэм зэрахьа лІыгъэм, гъуэзэм хуздзу абы къыхэлыдыкІ щэджащэхэм - Редадэ, Талъостэн, Щолэхъу, Андемырыкан, тэтэрхэм яубыда ди хъыджжбзэхэр кырымыдзэм кІэтеяжьмыжьфу щыта пщІыпІ щІалэ Мэшыкъуэ, кІалмыкъ пелуанхэм кІаурыкІэ текІуэу дзэшхэр изыгъэкІуэтыжа нысащІэ Лашын, дзэ гъэшынэ шу закъуэу щыта Ажьджэрий Кушыкунэ, емыджа пэтми философ, политик хахуэу диІа Къэзанокъуэ Жэбагъы, «къэхъункъэщІэнухэр зыщІэфу уафэ пкІэлъейхэр зи псалъэ» БжьыхьэлІокъуэ Лиуан, ІаІкъуэлІашыдзэ изыгъэкІуэту къэрэхьэлъкъым я дзэпщ Дамэлей, хэкум и хьумакІуэ лъэщу щыта уэлиипщ Темрыкъуэ ЛІыхъу, граждан зауэм и лъэхъэмэ дзэпщ Іэзэу большевикмэ дзэпщІэта Даутокъуэ (Серебряков) Зауэбэч, а зэман дыдэм щэрихьэшым щІэзэуа дзэпщ уардэ Къатхъэн Назир, уэщщакІуэ зэдымыІэсыжу урысыщІэ, европеищІэ, хьэрыпыщІэ, тыркуцІэ зыфІыдощыкъ - фегупсуса абы дызыхуишэм?

ЗэрыжаІэжьмкІэ, Тыркум ис адыгэ лІыжь гъэрым еупщІат: «Мыбы тыркуу зиамыгъэхъуэу хэкужьмкІ щхьэ фынэмыкІыжьэ?» - жаІэри. «Да къемэт махуэм фыадыгэ хьэмэ фытыркуу жаІэу кІыдэупщІынукъым, фымуслымэ кІэмэ фычьыристжэ жаІэну мыбуумэ!» - къажриІащ. Сэ зэи схуэгъэдурыбкъым апхуэдэ жэуапІр. Іиман уиІэмэ, уи псэр кІыбзэмэ дэни ущымуслымэн зэхунуцІ. Тыркумрэ ящІыбгъуэтыныщ ислъамыгъэ хэ-

Лъы тыным и мыхьэнэр

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм узынщагъэр хьуэмэныкІэ, демографие политикэмрэ экологиемкІэ и комиссэм иджыблагъэ ириГъэкІуэкІащ республикэм лъы тын Іуэхуэр зэрыщекІуэкІыр пресс-конференц.

АБЫ ХЭГАЩІ министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я унафэщІэр, район, кІалэ администрацІэхэм, ежьмэ Іэ нэхьыщхьэхэмрэ жылагъуэ зэгуэхьныгъэхэмрэ я лЫкІуэхэр, Лъы щат республикІэ станцым и лэжьакІуэхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм узынщагъэр хьуэмэныкІэ, демографие политикэмрэ экологиемкІэ и комиссэм и унафэщІ **Хутуевэ Светланэ** зэІущІэзыІуихьым кІыхигъащащ мыпхуэдэ зэхэхьэхэр зэрыщІхьэпІэр, узынщагъэр хьуэмэн Іэнатіэм лъы тын Іуэхуэр сытым дежи нэхьыщхьэу зэрыщалытэр, кІапщтэмэ, абы къэрал мыхьэхэм зэрпІэр. АдэжІэ абы жиІащ иужьрей илъэсхэм узынщагъэр хьуэмэн Іэнатіэм зэрызиужьым кІыхьэкІыу лъы гъэтІылъыгъэу нэхьыбэ хуэныкъуэ зэрыхьэр.

Лъы тыныр республикэм кІыхьэрыщІэзэрагъэпэщым тепсэлъыхьащ КъБР-м и узынщагъэр хьуэмэныкІэ и министр, лъы тыным зегъэужьакІэ Жылагъуэ советым и унафэщІ **Амщокъуэ ФатІимэт.** Абы кІыхьигъэщащ лъы тыныр егъэфІэкІуэным, ар республикэм и сымаджэщхэм тэмэму кІэлэрыхьэу зэтеуБлэным теухуа проектыр 2010 гъэм кІэлэрыхьэр нэхьыщхьэ щІэныгъэвэр гъэзэщІэн зэрыщІадзар, Абы нэхь иткІэ кІэагъэлъэГуа кІэалэнхэм теухуауэ КъБР-м и Правительствэм унафиц кІыщтащ, лъы тыным зегъэужьын Іэхуэхэмкіэ Жылагъуэ советым и лэжьыгъэмрэ лъы зытахэм мыпхуэдэ зэщІэзэрыхьэуэмрэ ехьэлІауэ, лъы тынэм кІыхьэхэу ехьэлІауэ, лъы тынэм зэрыкъуэгурыкІуэ, ЩІэныгъэ-сэбэпын зэрыхуейр, гупурэ лъы зэратым теухуауэ зэрыкІуэжкІ лъэжьапхъэм зэрыгъэзэрыкІуэ, республикэм и политикэ, жылагъуэ, щІалэгъуэм зэгуэхьныгъэхэм хуаІэ пыщІэныгъэр ирагъэфІэкІуэныр кІыхьэриджащ.

«М-Драйв» жылагъуэ зэгуэхьныгъэм и унафэщІ, УФ-м и жылагъуэ палатэм лъы тыныр кІыхьэзгъэпэщыныкІэ, а Іуэхум зегъэужьыныкІэ щІыхьэр кІыхьеджэныкІэ и зэзэгъэуІу центрым хэт **Байсиев Темырзан** и гугъу ящІащ Къэбэрдей-Балькъэр зэрыкІащ мэкъумэш академиемрэ Ивдыкрей гуманитар академиемрэ я студентхэр жыджэру а Іуэхум зэрыкъэтІащ, апхуэдэуи кІэлэрыхьэр ирагъэщІащ адрей екІалІэмэ абы бзыльфыгъэхэм хуаІэ пыщІэныгъэр ирагъэфІэкІуэныр кІыхьэриджащ.

«Шэрэдж районым и щІыхьэр лъы тыным теухуауэ едгъэкІуэжкІ Іуэхуэхэм жьыдэжру хэтщ, мы гъэм яІэу абы кІыхьэхьащ бзахъэм куейр. Дыхьэнт республикэм и район псори гъуэх тхуэхьынуи, - жиІащ Байсиевым.

Адэжкіэ зэІущІэм хэтахэм лъы тыным республикэм зыщегъэужьа зэрыхьэныр теухуа я Іуэху епльыкІэхэр къыуатащ, узынщагъэр хьуэмэныкІэ Іэнатіэм абы щигъэзащІэ мыхьэнэм тепсэлъыхьащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ1ап1э.

мыпІу, напэ къабзи имыІэу нэмэзлыкъым теувэ. Зи бзэм, си хабзэм, си цІэм, зи лъэпкъыгъэм ельэпэуэжхэр я динми емыбэкъуэжьфыну фи гугъэ? Адыгеймии, Шапсыгъми, Шэрджэсми, Къэбэрдеймии мусылъмэн къабзэ Іэджэ исщ, муслъымэн къэралхэм чыристэн, мажэсии, уеблэмэ джаур дыди щыпсэужкІэ зэрыхьум хуэдэу. Иджы коммунистхэр Іуагъэкіуэту тепщэгъуэр демократхэм зэрыІэщІалъхьэрэ Урысеим дэтхэнэ динри хуит щыхьуащ, езы Москвэи Петербурги мэджжыт щолажьэхэр, зыри зэран къахуэмыхьуу.

Ди адыгэ тхыдэм сыщегупсыскІэ грогушхуэ, спопагэ адэжьхэм зэрахьа лІыгъэм, гъуэзэм хуздзу абы къыхэлыдыкІ щэджащэхэм - Редадэ, Талъостэн, Щолэхъу, Андемырыкан, тэтэрхэм яубыда ди хъыджжбзэхэр кырымыдзэм кІэтеяжьмыжьфу щыта пщІыпІ щІалэ Мэшыкъуэ, кІалмыкъ пелуанхэм кІаурыкІэ текІуэу дзэшхэр изыгъэкІуэтыжа нысащІэ Лашын, дзэ гъэшынэ шу закъуэу щыта Ажьджэрий Кушыкунэ, емыджа пэтми философ, политик хахуэу диІа Къэзанокъуэ Жэбагъы, «къэхъункъэщІэнухэр зыщІэфу уафэ пкІэлъейхэр зи псалъэ» БжьыхьэлІокъуэ Лиуан, ІаІкъуэлІашыдзэ изыгъэкІуэту къэрэхьэлъкъым я дзэпщ Дамэлей, хэкум и хьумакІуэ лъэщу щыта уэлиипщ Темрыкъуэ ЛІыхъу, граждан зауэм и лъэхъэмэ дзэпщ Іэзэу большевикмэ дзэпщІэта Даутокъуэ (Серебряков) Зауэбэч, а зэман дыдэм щэрихьэшым щІэзэуа дзэпщ уардэ Къатхъэн Назир, уэщщакІуэ зэдымыІэсыжу урысыщІэ, европеищІэ, хьэрыпыщІэ, тыркуцІэ зыфІыдощыкъ - фегупсуса абы дызыхуишэм?

ЗэрыжаІэжьмкІэ, Тыркум ис адыгэ лІыжь гъэрым еупщІат: «Мыбы тыркуу зиамыгъэхъуэу хэкужьмкІ щхьэ фынэмыкІыжьэ?» - жаІэри. «Да къемэт махуэм фыадыгэ хьэмэ фытыркуу жаІэну мыбуумэ!» - къажриІащ. Сэ зэи схуэгъэдурыбкъым апхуэдэ жэуапІр. Іиман уиІэмэ, уи псэр кІыбзэмэ дэни ущымуслымэн зэхунуцІ. Тыркумрэ ящІыбгъуэтыныщ ислъамыгъэ хэхъуэ зэрыщІэхуэхэм, я лІыгъэ, я зэфІэкІ тІэщІэкІахэми. ЦІагъуэ Нурий, адыгэм щІэныгъэ къыткихьхьэн мурадкІэ Тыркум къикІыжу Къэбэрдей щІэныгъэкъуэгурыкІ ЛІы щэджащэм, и «Муслъымэн тхыдэм» (Бахъсэн, 1918) мыпхуэдэу щетх: «Мысырыр адыгэм щІыІам еджэн, Іуэхуэкіи лІыгъэншакъым. Къахьирэ, Щам, Кьудус, Мэккэ, Мадинэ хуэдэу кІалэ инхэм зэдджжьыт, мыдрисэ, лъэмыж, кІытапунэ хуэдэ фІыгъуэ куэд дащІыхьащ. Іэзэхьэрэм (ал-Джами аль-Азхар жыхуаІэ университетышхуэм - Н. З.) щІырэ унэу иІэм и нэхъыбэр пызыІухьар адыгэращ. Адыгэр я хэкужь зэрикІам щхьэкІэ зэрымыгупсысар, мы хэкум едженыбгъэр, щІэныгъэр кІыхьэным зэрыхуэмылэжьар къуаншагъэу, хуэмыхугъэу ящІащ. А зымкІэ Іейуэ армуахэщ».

Сэ ЦІагъуэм сриакъылэгъущ мы Іуэхуэмкіэ.

Дзыблэкі мыхъун генийщ Мыдхэт Ахьмэд (и адыгэцІэр: Хьэгъуэ Сулейман и къуэ Іэхьмэд: 1844 - 1913). ЛъэпкъкІэ шапсыгщ (нэтхуэй), ауэ тыркуу тхыдэхуэщ, «тыркум я Толстой» хужаІу. Новеллэмрэ романымрэ тыркуей литературэм кІыхэзыхьар аращ. Нэхъ цІэрыІуэ хъуа и романхэр: «Ныиархэр», «Къэфакіуэ пщащэ», «Диплом зиІэ хъыджжбз», «Младотырку». Хьэгъуэ Іэхьмэд Истамбылакіуэм якъмыхьэу литературэншэ шапсыгъым къинэжамэ, ар Толстой щІрагъэпщэн щхьэусыгуэу щыІэнтэкъым, ауэ ищхьэкІи зэрыщІыжьытІащи, тхьэм гениальныгъэ кІиГэщІа цІыхум мывэ ІІыбгъ къыпощытми, ар псэкІэ зэпхеудри, и зэфІэкІыр адэкІэ щегъэщхьэлъэ, Агънокъуэ Лашэ зэрищІам ещхьу: абы и талант лъэщыр, адыгэм ди щІэныгъэншагъэ блыныр пхритхэри, зэрыгурыусэм хуэдэу, литературэ поэтикэм нэблагъэри, усакІуэ щэджащэу къэзгъэгъащ: нэп сым «дыгъэ кьеІэкІэ гъущыр-къым, тенджазым хэтІуэкІэ хэгъуащэркъым!» - жиІэфу.

Апхуэдэу щапсыгъым щыгъэгъэн лъэкІынут Хьэгъуэ Іэхьмэдэи, апхуэдэу къэрал Іуэкуэкіэ щхьщІэзэпфынхэт Урысеим хуэлэжьа Черкасскэри, пащтыхьу мамлюкхэм яхэта адыгэхэри!..

Иджы кІыхьащІэ сфІэхьуа си псалъэр адыгэ бзыльхъгъэ Іущым и жьІакІэ згъэтІыпІъкІыжу. Тыркуу тхакІуэ Хьэнжхэ япхъу Хьурие «Гъуаэз» газетым мыпхуэдэу щитхъугъащ: «Лъэпкъ куэдыр, жьлІэ куэдыр дунейм тезыгъэзэкІажа Іуэхухэм щхьэкІэ ныкъэбзэщ адыгэри зытекІуэдар. А Іуэхухэм я щхьэр зэныкъуэкъныгъэ, зэгурымыІуэныгъэщ. Адыгэр лІэщІыгъуэ куэд лъандэрэ лІыфІыгъэ дауэмрэ лъэпкъ ныкъуакъуэмрэ хэлІакъым. ПІэщІыгъуэ куэд лъандэрэ зы къэмынэу зэгухэу зы къарр яуухуакъым. ЦІыхум езым и гъащІэм и щІыпІкІэ мылІэжьыну зы жьлІэ гъащІэ щІэнэ зэрыхуейр зэхэщІыкІакъым» («Гъуаэз», №31). Ноби «цІыхум езым и гъащІэм и щІыпІкІэ мылІэжьыну зы жьлІэ гъащІэ щІэнэ зэрыхуейр зэхэтщІыкІрыкъым» адыгэм: ипэрей «лІыфІыгъэ дауэмрэ лъэпкъ ныкъуакъуэмрэ» япІэ къиувад жьлІыр, кІуалыкъур, фадэр, европей уЕІытэнщагъэр, хамэбзэр, хамэцІэхэр...

Уэ лъэпкъыу дыкъэзыгъэщІа, хэкум я нэхъ дахэм дизыгъэтІысхьа, адыгэбзэ щэрыуэр кІыхтІорызылъхьа, хабзэ тельыджэр кІыхъэзылъхьа, ІлІыгъэшхуэ тфІэкІуэдар зи тыгъэ Тхьэшхуэ, дымыкІуэдыжьыпІэ щІыкІэ кІэытщыжи, шхэпс тхуэхъыф ахъыкІэ адыгэм кІэытхуэупсэ! Іэмин.

НАЛО Заур.

Япэ уэс.
Сурэтыр ЖУРТ Хьэсэн *трихащ.*

Дуней псом щагъэлъапІэрт

Ныбжьэгъу куэд сиІащ сэ. Нэхьыбэр дунейм екІыжащ, лъэужьыфІ къагъанэри. Кьышалъхуа махуэр дгъэлъапІэЕфэнды Джылахьстэнрэ сэрэ дыпсэхуэзэуэр зэныбжьэгъуэхэм блэкІа ди щІалэгъуэ дигу къэдгъэкІыжьну Іэмал дызэриІэр си гуапэщ.

Ефэнды Джылахьстэн

1937 ГЪЭМ Налшык къалэм дэт педучилищэм дыщыщІэтыкъэсхьэм дызэрыщІыхуащ дэ. Джылахьстэн 1939 гъэм КъБКъУ-м и студент хъуащ. 1939 гъэм совет-фин зауэм щІидзэу егъэджакІуэ куэд дзэм щраджэм, ЕгъэджэнрыгъэмкІэ щІыхубэ комиссариатым и унафэщІым и лъэужьыкІэ, институтым и студентхэр школым щрагъэджэну ягъэкІуащ.Ефэндыр Налшык къалэ и школ №1-м физикэмкІэ егъэджакІуэу ущыщ.

Хэку зауэшхуэм и пэщІэдзэмЕфэндыр дзэм ираджэрэ, авиашколэм и курсант хъуащ, иужькІэ Батайск дэт кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыр училищэм ягъэкІуащ. Летчик хъуа нэужь, Москвэрэ абы и Іэгъуэблагъэхэмрэ ихуэфащэу щытащ. Ауэ нэужькІэ Джылахьстэн Къэбэрдей-Балькъэрым и комсомол обкомым щылэжьащ. 1948 гъэм щегъэжьауэ ВЛКСМ-м и ЦК-м илъэсихкІэ Іэнатіэ щыпэрытащ. ИужькІэ илъэсищкІэ Парт школ яІэщыщхьэм щеджащ. Республикэм кьыгъэзэжа нэужь, илъэс зыбжанэкІэ КъБАССР-м и парт органэм щылэжьащ. Къэбэрдей-Балькъэрым щэнхабзэкІэ и министруЕфэнды Джылахьстэн 1962 гъэм яГъэуащ. ЛІэщІыгъуэ планэкІэ а Іэнатіэм гъэрытащ ар икІи кьыщалъхуа республикэм и лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьакІыным кІэрыуушхуэ ирихьэлІащ. ЩІыпІэ зыбжанэм ЩэнхабзэмкІэ унэрэ библиотекэрэ щыІэтэкъым. Районым центр къэс Щэнхабзэмкіэ унэрэ библиотекэрэ клубрэ щриГъэхуащ. Налшык Музыкэ театр щриГъэщІащ, 1964 гъэм артиступлІ кьыхихащ, къалащхьэм дэт театр хэм щригъэджэну. Ныбжьыщ1э зэчифІэхэм Москва зыщагъэсэху, партым и обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ ТимбоорэЕфэндым кьыдиІыгъа жэрдэмым тету, 1968 гъэм Налшык къалэ Макъьамэкіэ театр къыщыдэІуахащ.

Ефэндым Гъуаздж зэомкІэ Кавказ Ищхьэрэ институт, Къафэ зал, Льаэхэхутэ музей, Художествэхэмкіэ музей, Вовчок Маркэ и цІэр зезыхьэ музейр иригъэхуэхэри кьыІэІуахащ, къалэ паркым и лэжьыгъэр иригъэфІэкІуащ, зоопарк кьызэригъэпэщащ. ЩІэныгъэм ди къалэм щІэзэхуащэсащ. ИужькІэ «Кабардинка» ансамблым и гъусэу икІи гупым и унафэщІу концерт гукъинэжхэр яту дуней псор кьыщэхуахьащ.

Зи хэкур фІыуэ зыльытыр, зыльэпкъ щэнхабзэхэр зыльытэЕфэнды Джылахьстэн ансамблымкІэ, дуней псом тет лъэпкъхэм Къэбэрдей-Балькъэрыр къаригъэщІыхуащ, куэдми фІыуэ я къалэхэгъуэ. А псор зи Іэрыкі адыгэлІым фІыщІэхуэу хуэращэщ, илъэс куэдкІэ у зыншагъэ Тхьэм щимыГащІэкІэ.

ПОЛИЩУК Иван,
зауэм и ветеран.

Сочэ пашэ щохъу

«Сэлам», «Іуащхьэмахуэ» лъэпкъ къэфакІуэ сабий ансамблхэр Сочэ къалэм щэкІуэгъэрыи и 2 - 6-хэм щекІуэкІа «Нэхьыкъэ зэІущІэжэ» дунейпсо фестивальэпщэуэм и лауреат хъуащ.

КЪЭЗАНОКЪУЭ Жбагъы и цІэр зэрихьу Налшык дэт школым Сабийгъэмэ ныбжьыщІ Іэхэмэр эстетикэ гъэсэныгъэ етыныкъэ? и «Іуащхьэмахуэ» ансамблым (кІуэт едгакІэ)

№28-м деж щыІэхэтым) кьыхуагъэфащэу щытащ «Іуащхьэ и тепсихорхэр» щІыхь тхьылыр. Налшык къалэ и лицей №2-м щылажьэ «Сэлам» ансамблыр республикэ, дунейпсо зэпеуэхэм я лауреатэ.

- Къэбэрдей-Балькъэрым икІа кьэфакІуэхэм ящІыпІу зэпеуэм хэтащ Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, СНГ-м и къэралхэм щыщ гупэжр, - жеІэ гупитІым я художественнэ унафищІ Нэгъуэ Роман. - Къэбэрдей-Балькъэрым, зэхалъхуэу щІыхь зы щыщ щІигъэм я нэгъуэщІ Іыхьхэм щІыхь тхьылым я нэгъэщІ нэгъэщІ щІыпІ-щІэ щІыхь зыщІэдзауэ щыщІыпІ щІыпІ-щІэ щІыхь зыльытэ щІыхь зыльытэ ятелажьу и гум техьэнутэкІыжьыным. Сыщащ и щІыпІ-щІэ щІыхь зыльытэ щІыхь и къэрым и псэр езы адэм щІыхьхьжри.

Дыгъужь зэрыбыним теуха мы рассказым щІагъыбзэ гъэри щІэлІыщ - мыбыхэм я хьэл-щэкІэхэм хуэдэ зиІэ щІыхуэхэри дунейм щыщІыгъэжщ. ЩІэзыщ мыбыхэм я хэщІыкІ дыгъужь анэм хуэдэу, зи кІэтІиІ зи вакъэпсу бынымтелажьэ щІыхуэхэри, дыгъужь щыщІыхьэ хуэдэу адэ-анэр зэхэзымыщыкІыбынм, напэнащагъэр зымыгъэгъу ади.

«Нэхунэ» рассказыр теухуащ зи нэхэр къэмыплъэ хьыджжбзым и гъащІэм. «...Сэ нэкІэкъым сызэрыпІлъэр, гурэ псэкІэщ, икІи зи нэ къапІъэхэм нэхъ мыНэжьыкІэу сольагъуу кьыщІэфІощІ, - жеІэ Нэхунэ. Пэжуи, гъащІэгъэнщІкъым и дунейр, и гъащІэр, и гупсысэкІэр. Нэхунэ «и гъуджэр и Іэпэхэр», хамэбзэр, хамэцІэхэр...

Уэ лъэпкъыу дыкъэзыгъэщІа, хэкум я нэхъ дахэм дизыгъэтІысхьа, адыгэбзэ щэрыуэр кьыгтІорызылъхьа, хабзэ тельыджэр кьыгъэзылъхьа, ІлІыгъэшхуэ тфІэкІуэдар зи тыгъэ Тхьэшхуэ, дымыкІуэдыжьыпІэ щІыкІэ кьэытщыжи, шхэпс тхуэхъыф ахъыкІэ адыгэм кьэытхуэупсэ!

Куэдым гу лъызытэ щащэ

Щомахуэ Залинэ

нитІым ятхагъэ къэушыну ныпгъэгъу. Къэушащ. Дуней нэхур ильагъужащ. Апхуэдэу, тхакІуэ ныбжьыщІэм къыуеІуэкІ гугъэм и кьарур зэрыпищІу, абы куэд зэрыхуэзфІэкІыр.

ГъэщІэгъэуэну яІотхьыхь Щомахуэр псэущхьэкІэм. УкьынтэуЗбжьыу уоджэ «Дыгъужьым имыгъэльуэ» рассказым. КъэхьэлэхуэкІэхэри мэпсэу, хабзэ пыухьыкІа гуэрым тету, яІэжщ езым я хьэл-щэн. ГъэщІэгъэнкъэтІэ, абыхэм я дежкІи хьэкъым ебакъуэр епщІыжкІыу мэхъу. Сыт дыгъужь адэм имыгъэгъуар? ИгъэтІыжакъым и щыгъуар? ИгъэтІыжакъым и щыгъуэ ящІыжьу. Хабзэм зэрытекІар, адэ-анэм зэрепщІыжар, пы ІыхьэкІ ныгъэдеІэу и щхьэхуитыныныгъэ тыншыгъуэ мыфэмыщІкІэ Іыхьэжьыну и ужь зэритар. «Гугъу зумыгъэкІ, ди адэ, сэ мыбы сыщотынщ, пщэдей суІ сшхыну жьісІэрэкІыш, псори ихьэзырщ», - жеІэ дыгъужьым имыгъэльуэ. Ар дыгъужь адэм игъэгъуакъым, и унагъуэр зытекІуэда бийм и кьуэр ятелажьэу и гум техьэнутэкІыжьыным. Сащ и щыгъуэм и псэр езы адэм щІыхьхьжри.

Дыгъужь зэрыбыним теуха мы рассказым щІагъыбзэ гъэри щІэлІыщ - мыбыхэм я хьэл-щэкІэхэм хуэдэ зиІэ щІыхуэхэри дунейм щыщІыгъэжщ. ЩІызыщ мыбыхэм я хэщІыкІ дыгъужь анэм хуэдэу, зи кІэтІиІ зи вакъэпсу бынымтелажьэ щІыхуэхэри, напэнащагъэр зымыгъэгъу ади.

«Нэхунэ» рассказыр теухуащ зи нэхэр къэмыплъэ хьыджжбзым и гъащІэм. «...Сэ нэкІэкъым сызэрыпІлъэр, гурэ псэкІэщ, икІи зи нэ къапІъэхэм нэхъ мыНэжьыкІэу сольагъуу кьыщІэфІощІ, - жеІэ Нэхунэ. Пэжуи, гъащІэгъэнщІкъым и дунейр, и гъащІэр, и гупсысэкІэр. Нэхунэ «и гъуджэр и Іэпэхэр», хамэбзэр, хамэцІэхэр...

Уэ лъэпкъыу дыкъэзыгъэщІа, хэкум я нэхъ дахэм дизыгъэтІысхьа, адыгэбзэ щэрыуэр кьыгтІорызылъхьа, хабзэ тельыджэр кьыгъэзылъхьа, ІлІыгъэшхуэ тфІэкІуэдар зи тыгъэ Тхьэшхуэ, дымыкІуэдыжьыпІэ щІыкІэ кьэытщыжи, шхэпс тхуэхъыф ахъыкІэ адыгэм кьэытхуэупсэ! Іэмин.

ГУГЪУЭ Заремэ.

МыІэрысей жьыгъщІэхэр дощэ

Кэнжэ щагъэкІащ. Шхэ цІыкІуэхэр курыт лъагагъ зиІэхэм хуэдэщ. **Телефоныр:** 8-906-483-41-11.

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

«Гъуазэрплп» шытхым укъепльыхыжкмэ.

«Фыштэ» турбазэр.

ЩIыгум жыжьэу дыкъыхуеплъыхыу

Кавказ къухьэпIэ дахащэм и адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ ирикIуэныр фIыуэ зыIыгъуэхэм я гъуэгуанэм пыдощ.

ЩIАЛИПЛIЫР: нэхъыжьыIуэу Бышэнэх Хьэбас, ныбжьыщIэхэу Бышэн Асльанэрэ Мэремыкъуэ Амирэ, сэ Адыгейм и къалащхьэ Мейкъуапэ дыкъыдэкIри, Щхьэгъащэ псыхъащхьэ иужьрейуэ кьыдэс Гъуазэрыплъ жьылэ щIыкIум дыкъэсащ. Абдежым нэху дыкъыщекIри, къыкIэльыкIу пщэдджыкъым льэсырызекIуэм щIэддзащ.

Щхьэгъащэ хэльэдэж Хьэкхъуафэзс иригъэщIа кIуэладжэм дыдэту дыздрикIуэм, къухьэпIэ льэныкъуэмкIэ зыддзащ. Икли псы кIуэпсхэр къыщежьэ, льагапIэхэр щыгъэхьыхьэж, сэтей щыхъужь «къущхьэ зэIуухэпхьым» дихьащ.

Гъуэгум узыхуишэ хуей зэльыIухам и кIуакуапсэм псы хьурей дахэжей итщ. Абдежым зыщыбгъэпсэхуныр псэгъэтIыншыгъуэщ икIи хьуэпсэгъуэщ. «Уэздыгьей закъуэм и гуэлым» (аращэ зэреджэр псы хьурейм) укъыпекуэжIмэ, мэз Iуфэ гъуэгум адэжь уешэ икли умыщIэхъэуи узыIэпешэ: узрикIуэ «льаГъуэм» утеплъэкъукIмэ, кьуэладжэ уэхъхэми ухахуешэ.

Ар наIуэ щыхъуар ижь льэныкъуэмкIэ щыIэ мэз «Тыпгх» Iувым кьыхэщ, зы нэ къэплъэгъуэу зыкьыщэжьэхьыуи кIуэдыжьа зекIуапIэм дыблэкIа иужькIэщ. Гъуэгум зригъэзэхьыжат, ипэкIэ дыкIуэтэху кьэси дызыхьуэплъэрэ екIуэкI бгы льагэхэри кIуэщIат.

Гурыщхьуэ щытщIым гупыр дыкъэувыIащ. КьыздеткъэкI хабзэ, щIыпIэм и картэ-схемэр зэгуэтхрэ диплъэмэ: ЩIхьэгъащэ хэльэдэж псы кьуэпсхэм ящыщ зым иригъэщIа мэзышъэ кьуэладжэ куужьым дыдишэрт. Гурылъ диIэм ипкъ иту дызекIуэн ди гугъэмэ, «кьущхьэ зэIуухэпхь» льагапIэм гупыр дыкъытещкъэрыуикI хьунутэжьым. КьыкIэлъыкIуэ льэбакъуэу дзтчын хуейр «Лагъуэнакъэ» бгыщхьэ тафэ цIэрыIуэм и кьуэкIыпIэ льэныкъуэмкIэ декIуэкI «адыгэ-АптIэхъуэ» (убых) лъагъуэжьым дытекъэжьныр.

Бгым ищхьэхэмкIэ иджырI тIэкIу удэкIуэтеймэ, а льагъуэм кьыхуэхIуэжьрэ зэхъыхьэжу гъуэгуанитI щыплъагъунущ. Щхьэгъащэ псыхъуэ удэту, Дахэ станицэм укъэмыс щIыкIэ, ижьыкмкIэ дызэдзых асфальт гъуэгум укъыдеуувэми, ари Лагъуэнакъэ укъыщэрыщхьэ Бышэн Асльанэрэ Мэремыкъуэ Амиррэ, сэ Адыгейм и кьалащхьэ Мейкъуапэ дыкъыдэкIри, Щхьэгъащэ псыхъащхьэ иужьрейуэ кьыдэс Гъуазэрыплъ жьылэ щIыкIум дыкъэсащ. Абдежым нэху дыкъыщекIри, къыкIэльыкIу пщэдджыкъым льэсырызекIуэм щIэддзащ.

Щхьэгъащэ хэльэдэж Хьэкхъуафэзс иригъэщIа кIуэладжэм дыдэту дызэдрикIуэм, кьухьэпIэ льэныкъуэмкIэ зыддзащ. Икли псы кьуэпсхэр кьыщежьэ, льагапIэхэр щыгъэхьыхьэж, сэтей щыхъужь «къущхьэ зэIуухэпхьым» дихьащ.

Гъуэгум узыхуишэ хуей зэльыIухам и кIуакуапсэм псы хьурей дахэжей итщ. Абдежым зыщыбгъэпсэхуныр псэгъэтIыншыгъуэщ икIи хьуэпсэгъуэщ. «Уэздыгьей закъуэм и гуэлым» (аращэ зэреджэр псы хьурейм) укъыпекуэжIмэ, мэз Iуфэ гъуэгум адэжь уешэ икли умыщIэхъэуи узыIэпешэ: узрикIуэ «льаГъуэм» утеплъэкъукIмэ, кьуэладжэ уэхъхэми ухахуешэ.

Ар наIуэ щыхъуар ижь льэныкъуэмкIэ щыIэ мэз «Тыпгх» Iувым кьыхэщ, зы нэ къэплъэгъуэу зыкьыщэжьэхьыуи кIуэдыжьа зекIуапIэм дыблэкIа иужькIэщ. Гъуэгум зригъэзэхьыжат, ипэкIэ дыкIуэтэху кьэси дызыхьуэплъэрэ екIуэкI бгы льагэхэри кIуэщIат.

Гурыщхьуэ щытщIым гупыр дыкъэувыIащ. КьыздеткъэкI хабзэ, щIыпIэм и картэ-схемэр зэгуэтхрэ диплъэмэ: ЩIхьэгъащэ хэльэдэж псы кьуэпсхэм ящыщ зым иригъэщIа мэзышъэ кьуэладжэ куужьым дыдишэрт. Гурылъ диIэм ипкъ иту дызекIуэн ди гугъэмэ, «кьущхьэ зэIуухэпхь» льагапIэм гупыр дыкъытещкъэрыуикI хьунутэжьым. КьыкIэлъыкIуэ льэбакъуэу дзтчын хуейр «Лагъуэнакъэ» бгыщхьэ тафэ цIэрыIуэм и кьуэкIыпIэ льэныкъуэмкIэ декIуэкI «адыгэ-АптIэхъуэ» (убых) лъагъуэжьым дытекъэжьныр.

Бгым ищхьэхэмкIэ иджырI тIэкIу удэкIуэтеймэ, а льагъуэм кьыхуэхIуэжьрэ зэхъыхьэжу гъуэгуанитI щыплъагъунущ. Щхьэгъащэ псыхъуэ удэту, Дахэ станицэм укъэмыс щIыкIэ, ижьыкмкIэ дызэдзых асфальт гъуэгум укъыдеуувэми, ари Лагъуэнакъэ укъыщэрыщхьэ Бышэн Асльанэрэ Мэремыкъуэ Амиррэ, сэ Адыгейм и кьалащхьэ Мейкъуапэ дыкъыдэкIри, Щхьэгъащэ псыхъащхьэ иужьрейуэ кьыдэс Гъуазэрыплъ жьылэ щIыкIум дыкъэсащ. Абдежым нэху дыкъыщекIри, къыкIэльыкIу пщэдджыкъым льэсырызекIуэм щIэддзащ.

Щхьэгъащэ хэльэдэж Хьэкхъуафэзс иригъэщIа кIуэладжэм дыдэту дызэдрикIуэм, кьухьэпIэ льэныкъуэмкIэ зыддзащ. Икли псы кьуэпсхэр кьыщежьэ, льагапIэхэр щыгъэхьыхьэж, сэтей щыхъужь «къущхьэ зэIуухэпхьым» дихьащ.

Гъэмафэжьэр мы щIыпIэх зм щыдгуней жэнэтщ. Аущ ар тынщыгъуэ защIэу зэхэтщ жьипIэмэ ущыу знущ. УщыщIэзышъэ, уи псэми уи Iэпкъльэпкъ псоми кьыхьхьэ пIейтеинитIэ гъуэрым апхуэдизкIэ уэзщIеубыдзрэ, Iэпхльэпхэ уищам, Iэубыдльэубыду укьигъанэм хуэдэщ. Бгыщхьэ щIыпIэхэм уциткIэ уигукIи уи Iэпкъльэпкъыкъи зэхьбощIэ къэ хуэгъэм и Iэфlагъым, и гуащIагъым и инагъыр.

А щытыкIэм узыIэпешэ, узыхешэ. Жьыпэщэкlыжьын, зыкъэпщIэжьын папщIэ, зыбутхэпщIынуи узэрыхуэмеищэр щIэхяуи зыхьбощIэ. Ар гурыщIэм кьикI зэхэщIыкI кьIуэтэгъуейщ. Икли цIыхум и гущIэм щэхуу щигъафIэ, льэIэсынкIэ куэд щIауэ зыщIэхьэупс хьуэпсапIэ гуэрым псэр кьыхэщIи1этэнкIэ, льэкьинагъэщэхэр кьыхилъхьэжьынкIэ гугъэ Iэфlхэр уэзыгъэщ.

Арати, мэзылъэ уэх дызыхуекъым зыдедмыгъэхьэ хьу, гупыр дызыщIэувыIыкри дызэчэнджэщьжащ. Кьедгъэзэкlыжмэ нэхьыфIу кьэтлъыгъащ. Алхуэдэуи тщIащ икли дзгъэзэеигъуэ защIэу дыкъыздэпщIыкри, льагъуэ гъэпщкIуам дыкърихьэлIэжащ. Иджы ар сэмэгумкIэ щыIэт. Абы дытехьауэ дыздэкIуэм, зы тлэй хуейр зэхуэщимэ гуэр дихьащ.

Адэкlэ упльэмэ, щы Iэнэщыр кусэ бгъуэзу удэ кIыпрым хыхьэрти, льагъуэм хуэкIуэжьр т. Хуей цIыкIур здыщIидзэ льагапIэм деж ит уэздыгьеишхунтIыр цIыку гъэрхэм къэувыIэпIэ зэрахуэхъуам гу лъыттащ. Абы-хэм дащыбгъэдыхьэм гуапэу фIэхъыс кьыдахащ, дызэрыщIыхуащ - Мейкъуапэ щыщт, дэ дэщхьу щIыпIапIэ льэ кьежьахэ у арат.

«Мэчанэм» тынщу псори дизэгъащ. TIэкIу дакъыпIыу - кIуэтауэ чэтэн пщIэхэр дгъэуври, ди гьунэгъуэхэмрэ дэрэ абдежым жэщыр щитхащ. Пщэдджыкъыпэ нэхутхьэхум нэIуасэ тхеэхьуа гупым зыкъэтэри, удэ кIырым ерагъауэ хэпльагъуэ лъагъуэмкIэ джабэ нэкIум кIэрыхьащ. Дэри здэдунэтIын хуей льэныкъуэр арати, пщэдджжьжьшхэр зэрызэрфIэкIыу дяпэ ищахэм я гъуэгу кIапэ дытехьащ.

Iэгъуэблагъэр уэзымгъэлъагъуэ удэ кIыр зэхэкIыхьыжам гугъу дехьу дызэпхрыкIри, кьурышпс цIыкIуэхэр жьгъруужу зэжэх, жьг зэрымыт мывалъэ губгъуэ кIыкьым дыкьихуташ. Ди нэхэр къэплъэжащ. ИхьуреягъкIэ кьыщIылъ Iэщ Iэри тельыдкэт. Дыкъыздихьа губгъуэжьым хэплъагъкI льэс лъагъуэ нашэкьашэ цIыкIум и ижьрабгъу льэныкъуэр джабэ задэуэр екIуэкIырт. СэмэгумкIэ зыщгъаэзэрэ дызэплъэкIыжмэ, кьуэладжэхэм зэпхагъэмбыкIа, дэ кьыззэнэкIа мэз Iувыжьри фIыщIэ фIэхъу с щетхьжьным къыпэплъэ кьыздэт.

TIэкIу хуэдэгъэзеигъуэу щыт мэзышIэ джабэ нэкIри щIэплъыпIэмкIэ сэнтх льагэ гуэрым хуэкIуэжьрт. Тафэ дызыте хьам зиIэтурэ кIуэрт. Жьжьэу дызыIуплъэр кьыхьу зызыуксуэдия льагапIэ щхьэцантIэ гуэрт. «Ярэби, армырау я пIэрэ атIэ ди гущIэгъуанэм дыщызэрихьэлIэн хуейуэ щыт щхьэдэхьпIилIым языкъэзыр?», - дызэупщIыжащ Хьэбасрэ сэрэ. Пшэхэр зезыхуэ «Жьыхтхэ» тIэкIу щызэтесабырэжьым, сэтей щхьэфэм мывалъэ Iупщ1э щизыщIыкIа псы ежьхым дыIутIысхащ. Пшыналъэ дахэ хэзыш «псэхэльхьэжьым» дигухэр нэхьри кьыззэригъэгъуэтыкри, гугъэ Iэфlхэм даубыдыжащ.

Арщхьэкlэ абдежым куэдрэ дыщымысу, тIэкIу дыщедзакъэри, зыкьэтIэтыжащ. ГъэщIэгъуэ эныракъэ, гъуэгум зэрыхэщIыр нэхь лъахъшэт. Ауэ аратэкъым нэхьыщхьэр, атIэ мыбдежмэ ди щы зыхэтща гуфIэгъуэ зэрт, щIэщыгъ зэрт. Адэкlи-мыдэкlи кьыщIылъ щIыгур уи Iэгум ильым хуэдэу плъагъурт: дыкьыщIыскIа губгъуэри, мэзри, ди япэмкIэ кьиува кьыкIэльыкIу щхьэдэхьпIэри, абы адкIэжкIэ зыкьыз зэкъуэзых кьуэкIэбгькIэхэри псори - удэзыхьэхт, узыщIэзышэт.

Узкьм ергъэзыкIыгъуэ дехри, щхьэдэхьпIитIым я зэхуэкъым дыкьыдэхутащ. ПсыщIэрыкIуэным дыкьыззэрызэщIигъэпIым и фIыгъэкIэ, «лэгъуп» дызэрыщIыхам зыщидмыуфэрэзыхьу, кьыкIэлыкIуэ шытхми дыдэкIащ... нэхьыжьитIыр. Ауэ ди гъусэ щIалэщIэхэм гъэгум зыкьыппагъэщэтри, шытхитI зэхуакум дакIута фIэкIа умыщIэну дэль мывэ хужьышхуэ кьуагъэхэм зыкьуаудыгъуащ. Икли «кьэльэ» тIыгъам щыщ тIэкIу тхухагъэщIащ: етщIэм дымыщIэ хуэдэ, абыхэм я кьэльтчакъэм иззрыхьаэу ипь фо банкитIым «IэкIэ кьыхуагъэкIуащ. Ауэ ар дэ кьыщIытщIар яужькIэщ...

Шытх етIуанэм зэрыщIэкIэ «Ермэлы» щхьэдэхьпIэщ. Абдежи утету кьыззэбнэкIа «Гъуазэрыплъ» сэнтхри, кьыптэщыльъ гъуэгуанэри уольагъу. Дыкьызыщ1экIа бгы льаб жьэхэм кIэрыт мэзышхуэхэм яужькIэ губгъуэ инкIэрэ дыкърикIуаму, адэкlэ аргуэру жьыгъэм щIадзэжьрт Нэхъ гъэщIагъуэнкьюр ди пащхьэ уардэу кьихута, Щхьэгъащэ иригъэщIа кIеI бгыфIэрт, кьуэ куужь зыкьызэкъуэзыхьым и льащIэм аддэ жьжьэу щыплъагъуэ хуей Iэхуитльхуит дахащэм и кулъкуэсхэмрэ зыгъэзэгъуэ унэ щыкIуэрт, абыхэм я щхьэгъуэ Iуфэльафэм щыхьуакIуэ шы гуэрт эрт.

ГъуэгурыкIуэ жьм кьыджаIат дызыхуэзэ «Фышт» турбазэр «Кавказ заповедник» щIинальэщхуэм и гъунапкъэу зэрыщыгри, адэкlэ укIуэн папщIэ ахъшэ гуэр тIын зэрыхуейри. Пэжыр жьыпIэмэ, а етIуанэрэй Iэхъугъуэм нэхь гупсысэгъэуэ дыхидзат: «Дауэ дэ ди Хэкужь дыщызекIуэн папщIэ ахъшэ зэрыттынур, зэттынурэ хэт?», - жьыпIэри.

Гу зэрыдзэ тхуэхуэм дыхэтрэ пэт, гу лъыттащ дыгъэр егъэзыхыгъуэ зэрыхъуами, дэри тIэкIу дыдзэрешами. «ДымыцIыхуэ здис хуейм жэщ гъуэль дахьхьэ нэхърэ, джабэ нэкIу дыздехьи кIэрыт жыг гуэрэныр егъэзыпIэ зэрыхуэхьуам? - жьыпIэурэ дызэупщIыжа кIуэдейуэ, IуэгъуэгурыкIуэхэм зыщагъэпсэху хабзэ «мэчанэ» кьэтIыгъэгъуащ. Щы Iэнэщ тIэкIум и кум мывэ зэкIэрыуГъесяхэм зыхащIыкIауэ жьзгу итт, Iэхэ лъахэм и гъунэгъу кьуэкIий цIыкIуми дэт псы бгъунжьыр бзэрабзэ жьуэ ежьжьрт

Адрей пщыхьэ щIэхьэхэми ещхьу, псынщIэу чэтэн унэхэр зэтедгъэувэри, дакъэжь мафIэри кьэтщIащ. Сытым щыгъуи хуэдэу ди Хьэбас пшэрыхьыныр и жагъуэтэжьыми, лэгъупыIэмпIэхэм пыддза шыуанри ерыскъыншэ хьуакъым. Iэфlу дызэдэшхэщ, жьэгу гуапэм дрикъуху дыбгъэдэсри, дыгъуэлъыжащ.

Нэху мыщ щIыкIэ сыкъэтэджри, мыужьжьыкIыпIэ дэпхэм сащIэпщэуэрэ мафIэр зэщIэзгъэстыжащ. Абы яужькIэ гупыр тIэкIу дедзакъэри, тIыгъа хьэпшыпхэр зэщIэткъужащ. Дыкьызэх джабэ нэкIум кIэрыт мэз тIыпхым зекIуэгI гупыр дыкъыхэкIри, сэнтхым ех льагъуэм дытехьажащ.

Куэд дымыкIуу, жьгъэр иджы иухакъэ щыжьIтIэм, гъуэгу нащэкъашэм сэтейм дрипщIы. Дыгъэмэ, псым адыщIкIэ кьыщIыгунэкри, абыхэм я гъунэгъуу щызэхэзекIуэ цIыкIуэрирГъ унэгъу - бзэу до льагъу. Арщхьэкlэ «абыхэм дызэхахьыну иджыри куэд хуейщ, - жьадэIэри Къэбэрдейм икIа гупыр кIуэрыкIуэм тету ди анэ дзэпхубзэмкIэ ину дызэпсалъэ, дочэнджащэ.

«Аргуэру ЩIхьэгъащэ дыкърихьэлIэжауэ ара атIэ?», - жьыпIэ у дгъэщIагъ уэ, кьыщIыкIущкIукIыу ежэж кьурышпс кIабэзэм дыкьыщIыбгъэдыкъхьэм, фIыщIэ фIэхъусыр етхри, дызэпрыкIащ. Дыплъэмэ, дольагъу: дызыкIуэкIуэ унэхэм я зэхуакъ дэтым и цэхэ-гъубжэ льабжьэм ,кIэщIэт Iэнэм цIыкиуд бгъэдэсщ. Кьыштогуфыкl, кьыдопль!

«Сыту-пIэрэ», - жьыпIэу дзэущIыбжурэ гъунэгъу дащыхъэхьум, урысцIбзэкIэ зыр зэпсалъэри: «Смотри, черкесы идут!» жиIащ. Абы дэ хуабжьу дыщIигуфыкIащ. Икли щысхэм дащыбгъэдыкъхьэм, фIэхъус зэхьынри гуэлъэнри зы тщIыри, захуэдгъэзащ: «Дызэрыадыгэр дауэ къэфщIа?» - жьыпIэри...

ХЬЭТIЫКЪУЭ Щэуапщ1э.
(Кьыкlэльыкlуэнущ).



Кьурышм хуэкIуэ льагъуэмкIэ.

●Гулъытэ

Нэхъыфlхэм я цIэ ираIуэ

Про хладнэ къалэм дэ бизнес-инкуба торым и унэм ныжьыгъэ зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэмрэ «Iуэху зезыхьэ Урысей» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ гулъытэ хэха хуащIащ едзэным фIыуэ ехьулIэ школакIуэхэм, зэчий зыбгъэдэль щIалэгъуаэм. Абыхэм хуагъэфэщащ партымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ я стипендиехэр.

КъАЛЭ администрацэм и пресс-Iэужь1апIэм и лэжьакIуэ Панфиленкэ Людмилэ хъыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, зэIущIэм кьратъэблэгъат щIыпIэм и еджакIуэ нэхъыфIэр, спортым, жылагъуэ Iуэхуэм, творческэ лэжьыгъэхэм ехьулIэныгъэ щызыIэрызыгъэ хьа ныбжьыщIэхэр. Абыхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ партым и щIыпIэ политикэ советым и секретарь, Прохладнэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Пархоменкэ Юлие. Абы жиIащ «Урысей зэкъуэт» партым жылагъуэм щыпсэнэшхуэ зэрыщIэр, цIыкубэр абы и телъхьэу зэрыщытыр икIи, щIалэхэмрэ хьыджэбзэмрэ я ехьулIэныгъэ гъэзэжьмэ, ар ныбжьыщIэ ныкъуэ щIыпIэ къудамэм и Iэтащхьэ Колпак Ольгэ, щIыпIэ депутатэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ныбжьыщIэхэр, Прохладнэ къалэм дэт курыт школхэм я унафэщIэхэр.

«Урысей зэкъуэтым» и стипендиер мы гъэм хуагъэуващ къалэм и школакIуэ 12-м. ЩэкIуэгъуэм кьыщыщIэдзауэ етIанэтъэ и накъыгъэм нэсыху абыхэм мазэ кьэс иратынущ сом 500. НыбжьыщIэхэм фIыщIэ ящIащ апхуэдэ гулъытэм папщIэ икIи зэхуэсым кьрихьэлIахэр къагъэгъуащ куейм, республикэм, къэралым яфI кьызэрыкIын, я пщIэр зыIэтын Iуэхуэр зэфIэхьыным я къарухэр ирахьлIэну.

ТАМБИЙ Лиий.

Шынэ имыщIэу

УФ-м и МВД-м Iуащхьэмахуэ куеймкIэ и къудамэм и полицэм и лейтенант нэхъыжьым Тырныауэ къалэм къалэныр щрихьэкIыу вэсэмахуэ сыхьэт 19-рэ дакъикъ 40-м щэч зыхуищIа цIыхуитIым я дежкIэ иунэтIащ, я дафтэрхэр къыщIытэну. Абы ирихьэлIэу бзаджащIэхэм абы гранатэ кърадзащ.

ПОЛИЦЕЙМ и лъакъуэм, и Iэм, и напэм гъэсэн фэбжь яГуэтащ, арщхьэкIэ абы кьимыгъэувыIэу и табель кIэрахьуэр тхуэнэфIэ игъэуащ икIи щIэпхъаджащIэхэм я зыр иукIащ. Ар 1989 гъэм къалъхуа Мамхэгъ Т. Р. тырныауэдэсырщ.

ЩIыпIэм кьыщагъэуэтащ ящхьэ боевикым и паспортыр, ПМ ПК-760 кIэрахьуэ, щэхэмкIэ гъэнщIа шалъэу 5, пIатIрэ 72-рэ, «хаттабка» гранатэ, рацэ, Garmini моделым и GPS навигатор, флешкартэрэ абы и адаптерэр, ерыскъыхэкIэмрэ щIымахуэ щыгъэнпэ зэрыльэ полимер хъуржын.

ЗэрауэбыхуамкIэ, кьытраха кIэрахьуэр КъБР-мкIэ МВД-м ИЦ-м и базэмкIэ 2009 гъэм мазаем и 2-м УФ-м и МВД-м Iуащхьэмахуэ куеймкIэ и къудамэм и МОБ-м и дознавателыр щаучIам зыIэрагъэхьа Iэщ1эщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэр щIэпхъаджащIэ етIуанэр зэрарыбдыным ящхь итщ.

Бахьсэн куейм хьыхьэ Бахьсэн къалэм контртеррорист Iуэхугъуэхэр щокIуэкI.

Полицейхэм я хэщIыныгъэ

Урысей Федерацэм и МВД-м и Iуэхущ1апIэу Налшык щыIэ полицэм и участковэ уполномоченнэхэм щэкIуэгъуэм и 14-м Iэщ1экIэ теуа бзаджащIэхэр КъБР-м и хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм къалъхьуэ. ЯIэ хъыбарымкIэ ахэр 3 мэхъу.

ПОЛИЦЭМ и капитан Къущхьэ Хьэсэн зэуэ хэкIуадэщ, полицэм и лейтенант Жэмбичэ Заудин республикэ сымаджэщым нагъэса щхьэкIэ, зыкъымыIэжу и псэр хэкIащ.

ЩIапхъаджагъэр кьыщыхуэ щIыпIэм следственнэ гупыр, экспертхэр, криминалистхэр, кинологхэр щолажьэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и унафэкIэ «Вулкан-4», «Перехват» къыльхьэныгъэхэр йокIуэкI, Гъуэгуэхэм хъапщытэныгъэхэр щыщIагъэткIиящ, къалэ дэкIыпIэхэр ягъэбыдащ.

Зэраубзыхуамкlэ, щIэпхъаджащIэхэм «Такси» дамыгъэр зытет ВАЗ-21099 е ВАЗ-2115 дыжьыныфэ автомашинэмкIэ загъэбзэхыжащ.

ЩIыпIэм деж кьыщагъэутащ мм 9 калибр гильзэу 6, ТТ кIэрахьуэм и 7,62 калибр шэуэ 5.

Полицэм и лэжьакIуэхэм зэратеуам кьыхэкIыу уголовнэ Iуэху кьаIэтащ.

* * *

Участковэ уполномоченнэ нэхъыжь, полицэм и капитан Къущхьэ Хьэсэн Мусай и хъуэр 1977 гъэм къалъхуащ. 1999 лъандэрэ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм щолажьэ. Иужьрей кьулыкъум 2011 гъэм пэрыуващ. Унагъэщ, сабийщ иIэщ.

Аттестацэм хъарзынэу пхыкIыу офицер хъуа Къущхьэ Хьэсэн и къалэным хьэлэлу зэрыбгъэдыхьэмкIэ адрейхэм я щапхъэт. Абы и дежкIэ махуэшхуэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр щыIэтэкъым, щытыкIэм кьигъэувмэ, ар жэщи-махуи лэжьапIэм щыIэфынут.

Къущхьэ Хьэсэн и ныбжьыр иджыри илъэс 35-рэ ирикъуатэкъым. И псэугъуэ дахэу ар и республикэм и мамыр къэкIуэнум папщIэ хэкIуадащ.

* * *

УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и участковэ уполномоченнэ, полицэм и лейтенант Жэмбичэ Заудин Анатолэ и къуэр 1986 гъэм къалъхуащ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ Iэнатlэм 2011 гъэм лэжьэн щыщIидзащ, иужьрей кьулыкъум бадзэуэгъуэм и 1-м пэрыуващ.

КъБР-м и Хабзэхъуэмэ Iэнатlэхэм Зыуэ щыт я хъыбарегъащIэ центр.

Оперативнэ штабым къет

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым и унафэщI - УФ-м ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ кьулыкъум и Управленэу КъБР-м щыIэм и тхьэмадэ генерал-майор Кменный Сергей и унафэкIэ КъБР-м и Шэджэм, Бахьсэн муниципальнэ куейхэм, Лашынкъей, Зеикъуэ кьуажэхэм яку дэлъ бгыльэмэзыльэ щIыпIэхэм контртеррорист Iуэхугъуэхэр 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 14-м сыхьэт 13-м щIидзауэ щрагъэкIуэкI.

Контртеррорист щытыкIэр щыгъэуба щIыпIэхэм нэгъуэщI Iуэхугъуэ хэхахэр кьыщагъэсэбэныкIэ хьунущ.

ТЫОСТЭ Мурэ.

●Щэрэдж куей

Сабийхэм ядоIэпыкъу

У зыушагъэр щрагъэфIакIуэ «Гуэл Щхьэантlэ» турист комплексым нъэс къэс, мэлыжьыхьым кьыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэ мазэм нэсыху, Щэщэн Республикэм кьикIа сабийуэ мини 3-м иэблагъэм зыщагъэпсэху. 2011 гъэм зэращIыпIауэ щыта гъэныгуиI зэхуэгъуэныгъэм пкъ икIэ ящIа мы ныбжьыщIэхэм я щIыкIэ зыгъэзэхуэхэмрэ гъэужьыныщэ хъуахэмрэ я бынхэр узынщэу, гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъу къэгъэтэджыныр щ.

МЫ МАХУЭКЭМ «Гуэл Щхьэантlэм» кьригъэблэгъащ зи чэзу сабий гупыр. Мыбы зэрыщыщIэну махуи 10-м кьриубыдэм абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ нэхъ дахэхэм зыщIагъэпIыхьыныщ. Налшык и кинотеатрхэм, Хьэтlэкъуацкъуэхэ я жьы хадэм, зоопарким, фэепль щIыпIэхэм ахэр яшэнущ. ЩIыкIуэхэр пансионатым зэрыщыIэну зэманыр купщIафIэу кьыззэрыраХьэлIэным сыт и лъэныкъуэкIи тещIыхьауэ щытщ зэрыгарадждж, нэгузыщ программэхэр. Псом хуэмыдэу мыбы гупытIэ хэха щыхуащI спорт зэхьэзэхуэхэмрэ щIыкIуэм я гупсысэм зезыгъэужь джэгукIэхэмрэ.

Сабийхэм ядэлажь зегъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ зи кьалэным пэжу бгъэдэмытрэ зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыныкIыпIэ яхэтхьым. Арагъэнщ зэ нэжь мыхъуми мы зыгъэпсэхупIэм щIыпIэхэм ар гукъинэж щIащIыхьур. Зи узынщагъэм кIэтыпIпIым хуей сабийхэм къуэат зыщIэхъ шхын узынщэ фIэкIа Iуагъахуэркъым. ЕрыскъыкъэхкIэр хэпльыхьащ, пхъащхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIэмрэ я гъунэжщ.

ЛЪОСТЭЙ Муэз.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщ1э Мухьэмэд(редактор нэхъыщхьэ), **Жьэкlемыхьэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ),**Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ и кьыдагъкI

ДИ ЭУКIЫЦIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КъУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхуа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щытхьым.

Газетым Iэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ и щIэ дальщ КъБР-м федеральнэ почтэ зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетым 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хэутыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетым 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Ленриным и цIыкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Истэпан Залинэ, корректорхэу Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Мырэзкъан ФатIимэ.** ***КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ*** **Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар*** **Къарей Элинэщ.**

Номеры "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 8.878 ● Заказ №3785